Къабзагъэм и махуэ

2-нэ нап.

«Ислъамым и нур»

3-нэ нап.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дахагъэр

4-нэ нап.

2024

Фокіадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

ФИФ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№100 (24.694) ● 2024 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 20, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

100

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэм къызэритамкіэ



Иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрагъэпэщ

«Мэкъумэш» унэтІыныгъэмкІэ Къэрал советым и комиссэм и зэІущІэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц Іэмалкіэ хэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир.

ЗэІУЩІЭМ кърихьэлІащ Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и лІыкІуэхэмрэ зи лэжьыгъэр мэкъумэш-промышленнэ комплексым епха щІэныгъэ Іуэхущіапіэ пэрытхэм я Іэщіагъэлхэмрэ. Абы щытепсэльхьащ «Ерысакъыпхъэхэр Іэмэпсымэ шынагъуэншэхэмкІэ къызэрэпэщын» лъэпкъ проектыщІэм. Ар хуэунэтІащ УФ-м и Президент Путин Владимир 2030 гъэ, нэхъ убгъуауэ - 2036 гъэм пщІондэ зрагъэхъулІапхъэу яубзыхуа кьалэнхэр игъэзэщІэным. Лъэпкъ проектым хиубыдэнуц мэкъумэш-промышленнэ комплексым зегъэужьыныкІэ Іэмэпсымэ шынагъэншэкІэ зэуІуу къызэгъэпэщыныкІэ хуэунэтІа къэрал къудамий.

Къекіуэлаэр я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ зэхъуэжащ, мэкъумэш къудамэмрэ мэкъумэш-промышленнэ комплексымрэ бжыгъэр зи тегъэщІапІэ иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэща зэрыхъу-ну Іэмалхэм епха я жэрдэмхэр къыхалъхьащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къэрал, муниципальнэ Іэнатіэхэм, социальнэ, экономикэ унэтІыныгъэ зэхъэзэрыным хуэунэтІа Іуэхум зегъэужьыным теухуауэ зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, вице-премьер Хъубий Марат, министрхэр, егъэджакІуэ Іэнатіэм и лІыкІуэхэр.

«КЪЭРАЛМИ щІыналъэми зауЖьыныкІэ Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщіагъэлхэм мыхъэнэшхуэ яІэщ. А Іуэхур «2030 гъэ пщІондэ, къыкІэлъыкІуэу 2036 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм зэрызиужьыну унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» УФ-м и Президентым и Указым къыщигъэлъэгуэ проектыщІэ 11-м яІщыщІ. ГурыІуэгъуэщ Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщіагъэлхэр унэтІыныгъэ псоми ехъулІэныгъэ дыщИэныкІэ лъабжьэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Іэнатіэ псоми щызыхьдощІэ Іэщіагъэлі нэсхэр ирикъуу зэрыдимыІэр. Іэщіагъэлхэр гъэхьэзырыныкІэ Іэнатіэр зэкІэ дызэрыщыгугъауэ екІуэкІыркъым. Дэ къытпэщытщ абы и лэжьыгъэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьэу къэдгъэщІэрэщІэжыну. А Іуэхур щІэдгъэхуэбжьэн хуейщ», - жиІащ **КІуэкІуэ Казбек.**

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Езауэ Анзор** иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм тепсэльыхьащ. Республикэм щІэныгъэ Іуэхущіапіэу 6 щолажьэ, къэрал еджапІэ нэхъыщхьэу 3, курыт Іэщіагъэ щызрагъэгъэуэт еджэныгъэ Іуэхущіапіэм и гъуэгу программэхэмкІэ Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщіагъэлхэм псомкІи Іэщіагъэлхэр гъэхьэзырынымкІэ Іэмалхэр иІэщ. Мы илъэсым щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъэтынымкІэ программэм бюджет тЫсыпІэ 1700-рэ хухахащ, 2023 - 2024 гъэхэм вузхэм цІыху 3000 къащтащ, псори зэхэту абыхэм щоджэ ныбжьыщІэ мин 17,5-рэ. 2022 гъэм елъытауэ нэгъабэ курыт Іэщіагъэ щрагъэгъэуэт еджапІэхэм щІэс студентхэм я бжыгъэм процент 18-кІэ хэхъуащ икІи еджакІуэхэр 20100-рэ хъуащ. Езауэ Анзор жиІащ щІэупщІэ зэраІэм ялъхэкІыу туризм, мэкъумэш хозяйствэ, ухуэныгъэ, транспорт, машинэхуэ унэтІыныгъэхэм яІэ тЫсыпІэхэм зэрыхагъэхъуар. УнэтІыныгъэ хэхам тету щІэныгъэ зратхэм я бжыгъэм адэкІи зрагъэубгъу. Апхуэдэу «Іэщіагъэлі ныбжьыщІэхэр» проектым ипкъ иткІэ, колледжхэм я лъэщапІэхэм Іэщіагъэлхэр щІэрыщІэу щагъэхьэзырыж. Іэнатіэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщІ егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм хагъэхъуэнымкІэ программэр. Абы ипкъ иткІэ, 2024 гъэм республикэм и егъэджакІуэ мини 5-м щигъуи я Іэзагъэм хагъэхъуэнущ. ФокІадэм и 1-м щегъэжьауэ унэтІыныгъэ куэд къызэщІэзыубыдэ республикэ гимназием егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэныкІэ программэр щагъэзащІэ, апхуэдэуи Іэщіагъэр къыхэзыха студентхэм лэжьыгъэм и пІалъэм зыщыхагъэгъуазэ Іэнатіэ щхьэхуэ иІэнущ.

«Эльбрус» корпоратив университетым и унафэщІ Айбазовэ Тамарэ я Іуэхущіапіэм и лэжьыгъэм и гугъу ищІащ. Республикэм и Іэтащхьэм и жэрдэмкІэ къызэІуаха университетыр зыужьыныгъэщІэхэм хуокІуэ - «Урысейр Іэмал зэмылІужьыгъуэхэр здэщыІэ къэралщ» президент платформэм хыхьэ «Сенеж» лъэщапІэм и гъуэгу программэ щхьэхуэхэр иригъэкІуэкІынущ, адэкІи «Мэшыкъуэ» егъэджэныгъэ центрым дэлэжьэнущ. Мы илъэсым зэгъусэу ягъэзащІэ программэхэмкІэ къэрал, муниципальнэ лэжьакІуэхэм, узынщагъэр хъулэныкІэ Іэнатіэм и унафэщІхэм папщІэ егъэджэныгъэхэр иригъэкІуэкІащ.

Я ведомствэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэльащ КъБР-м узынщагъэр хъулэныкІэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, лэжьыгъэмрэ социальнэ и лъэныкъуэкІэ цІыхухэм къащхьэщыжыныкІэ министр **Асанов Алим**, щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр **Лу Азэмэт** сымэ.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ кадр политикэр зэрелъкІуэкІым зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхэлъхьапхъэр, Іэщіагъэлі нэсхэр гъэхьэзырыным курыт школым деж щегъэжьауэ гулъытэ зэрыхуэщІыпхъэр, дэтхэнэ зы унэтІныгъэмкІи кадрыфІхэр диІэн папщІэ Іэмал псори къызэрыгъэсэбэныпхъэр, Іэщіагъэхэм я мыхьэнэр къызэрыІэтыпхъэр.

ЗэІущІэм и гугъу щащІащ фокІадэм и 5 - 9-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІыну «Большая перемена» урысейпсо зэпеуэм и финал ныкъуэр къызэрызрагъэпэщыныр. Республикэм къригъэблагъэнущ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ округхэмрэ щІыналъэщІэхэм курыт Іэщіагъэ щызрагъэгъуэт и егъэджэныгъэ Іуэхущіапіэхэмрэ я студент 500.

Іэщіагъэлхэр гъэхьэзырынымкіэ гулъытэ хуэныкъуэщ

● ЗэІущІэ



● Дыдэкъуэту

Курск щІыналъэм ирагъашэ

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм Курск щІыналъэм щыпсэу сабийхэм зэрадэІэпыкъун ерыскъыхэкІхэр, хьэпшыпхэр яхуэзэухьэсащ. Ахэр дыгъуасэ ирагъэжьащ.

ПРОФСОЮЗХЭМ къагуэуващ «ГущІэгъу 07» жылагъуэ Іуэхущіапіэр, Урысейпсо Цыхубэ фронтым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэр, ПДПР-р.

«Курск щІыналъэм и гъунапкъэхэм дежщыс къуэжьэхэм я сабийхэращ зэхуэтхьэсахэр зыхуедгъашэр. ДэІэпыкъуныгъэр Курск и профсоюз зэгухьэныгъэхэм яІэрыдгъэхьэнурэ, хуэныкъуэхэм езыхэм трагуэшэжынущ. «ЦІыхубэ фронтым» сабий щыгъынхэр къытІэригъэхьащ. Дэ псы, ІэфІыкІэ, хущхъуэ идогъашэ. Псом япэу Курск щІыналъэм и профсоюз лэжьакІуэхэм захуэдгъаэри, ахэр нэхъ зыхуэныкъуэхэр зэдгъэщІащ. Апхуэдэуи ди Іуэхущіапіэм ирегъашэ школым еджэгъуэр щыщІадзэжкІэ сабийхэр зыхуеину хьэпшыпхэм щыщи, - жеІэ КъБР-м и профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІ Амщокъуэ ФатІимэт.

Къыхэгъэщіпхъэщ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэтхэми профсоюзхэм мазэ къэс зэрызащІигъакъуэр. Иджыблагъэ квадрокоптеру тІу къыхуащІауащ, Іуэхущіапіэм 2023 гъэм и хэхъуэу щытам и проценти 10-р СВО-м хэтхэм хухахащ.

«ГущІэгъу 07» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Кузьминов Олег зэрыжиІамкІэ, ЦІыхубэ фронтыр я гъусэу ирагъэкІуэкІа «Хамэ сабий щыІэкъым» Іуэхум ипкъ иткІэ, ныбжьыщІэхэм папщІэ щыгъын зэмылІужьыгъуэу мин 14-рэ балигъэм папщІэ 500-рэ зэхуахьэсащ. А Іуэхум зэрахуэзэфІэкІкІэ я гуащІэ халъхьащ Налшык къалэм и Сабий унэм и лэжьакІуэхэми. Ахэр псори Курск ирагъашащ.

«Курск щІыналъэм и къуэжьэхэм щыпсэу куэдым сабийхэр я гъусэу унэхэр ябгъэн хуей хъуащ. Абы я Іуэхур нэхъри нэхъ гугъу ещІри, зэрыхъукІэ защІэдгъэкъуэн хуейуэ къызолъытэ», - къыхегъэщ Кузьминовым.

Мы дэІэпыкъуныгъэр къыщІэзыгъэпэща Іуэхущіапіэхэм я мурадщ хуэныкъуэхэм дяпэкІи зыщІагъэкъуэну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Кавказ Ищхъэрэм бжьыпэр щиІыгъщ

2024 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и консерв заводхэм пхъэщхьэмыщхьэм, хадзэкІым къыхэщІыкІа ерыскъы зэмылІэужьыгъуэхэр илъу банкІ мелуан 93,4-рэ трагъэнтІащ е нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым щыІа бжыгъэхэм процент 111,5-кІэ хуэкІуэу. Иджыпту нэхъыбэу зэлэжьыр нащэ, бэдрэжан, нартыху ІэфІырщ.

ПХЬЭЩХЬЭМЫЩХЬЭУ, хадзэкІ фІэІуГъэу трагъантІэм и куэдагъэымкІэ ди республикэм апэ уВыпІэр Кавказ Ищхъэрэм щиІыгъщ. 2023 гъэм псори зэхэту къыщІагъэкІа банкІ мелуан 363,8-м щыщу банкІ мелуан 363,3-р хадзэкІ фІэІуГъэхэм къаІуос. ИкІи апхуэдэ шхыныгъуэу Урысей Федерацэм къыщыщІагъэкІым и процент 14-р Къэбэрдей-Балъкъэрырщ щащІыр.

ТАМОКЪУЭ Алыдж.

Ди къуэш республикэхэм

Шынагъуэншэу икІи нэгузыужьу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Шыщхьэуіум и 22-м КъШР-м къыщрагъэблэгъэнущ я къуэш Белгород областым къикІа школакІуэ 200-м нэблагъэ. Урысейм и гъунапкъэм и гъунэгъуу псэу сабийхэм зыщагъэпсэхунущ Домбай и «Гранд Викторие», Теберда и «Жемчужина» лагерхэм. А щІыналъэм хьэщІэхэм папщІэ къыщыдэрагъэпэщащ тыншыгъуэ псори. Ахэр щІыналъэм щыІэнущ фокІадэм и 4 пщІондэ.**

«ПСОМ япэу ныбжьыщІэхэм Іэмал ягъуэтынущ шынагъуэншэу загъэпсэхуну. Дэ дыхущІэкъунущ абыхэм ди гуапагъэ зыхащІэным икІи ди нэІэ сыт и лъэныкъэкІи зэратетыр ядгъэпагъуным. Къыгхуеблэгъэнухэм дэ яхуэдгъэхьэзыращ я нэгу зэрызедгъэужьыну программэ. Абыхэм япкъ иткІэ республикэм и щІыпІэ дахэхэм тшэнущ, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъхэм къадекІуэкІ хабзэ тельыджэхэм щыдгъэгъуэзэнущ», - жиІащ щІыналъэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид.

Республикэр мыпхуэдэ Іуэхухэм есэжащ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ Къэрэшей-Шэрджэсым зыщагъэпсэху Луганск ЦІыхубэ Республикэм и Старобельскэ округым къикІ сабийхэм. Темрезов Рашид къыхигъэщхьэхуІащ Белгород областым щыщ ныбжьыщІэхэми КъШР-м щагъэкІуэну махуэкэр фІыкІэ ягу къинэжыну зэрыщыгугъыр. ЖиІащ, хуей хьумэ, Курск областым щыщ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщынми республикэр зэрыхуэхьэзырыр.

Лей зытехьахэм папщІэ

АДЫГЕЙ. **АР-м Курск областым иригъэщащ псыхэкІрэ ерыскъыхэкІхэу, хьэпшыпэзмылІужьыгъуэу тонн 20-м щигъу. Ахэр «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и жэрдэмкІэ зэхуахьэсащ республикэм щыпсэухэм, бизнесым я лІыкІуэхэм, волонтёр Іуэхущіапіэхэм.**

АДЫГЕЙМ и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат зэрыжиІамкІэ, ирагъэшахэр псом хуэмыдэу цІыхуэхр зыхуэныкъуэхэрщ - зэфэну псы, къэкІыгъэ дагъэ, адыгэ къхуей, прунж, зэрызагъэкъабзэхэр, щыгъынхэр, щытыкІэ гугъуэм кьихутахэр нэхъ зыхуеину нэгъэщІхэр.

«Адыгейм и цІыхухэм я щІэкІэ Курск областым щыпсэухэм аргуэру яжесІэну сыхуейщ даэрыкъуэтыр. Дэ дызэгъусэщ! Си лъахэгъуэхэм ящыщ дэтхэнэми и гум щІыхьащ украин неонацистхэм цІыхухэр зэрауклІар икІи абыхэм яхуощыгъуэ. Дэ дяпэкІи ди хэкуэгъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи защІэдгъэхуэнущ», - къыхигъэблагъэрэ Курск областым щыпсэухэм я Іэтащхьэм.

Ерыщу япэщІэтащ

АБХЪАЗ. **Республикэм щыщ спортсмен ныбжьыщІэ Цужбэ Нестор Брюссель щекІуэкІа, мыхьэнэшхуэ зиІэ европей теннис турнирым дыжьын медаль къыщихьащ. Ар ерыщу япэщІэтащ и хьэрхуэрэгъуэхэм.**

АБХЪАЗ Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхухэмрэ спортымкІэ и къэрал комитетым къызэритамкІэ, зэпеуэр екІуэкІащ щыщхьэуІум и 5 - 11-хэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ПсэупІэ куэд яухуэ

Кавказ Ищхъэрэм Статистикэмкіэ и щІыналъэ управленэм къызэритамкІэ, 2024 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм кьриубыдэу республикэм псэупІэу щаухуэм и куэдагъым хигъэхъуащ икІи псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэу мин 284,6-м зэрынэхьэсащ. Ар процент 36,6-кІэ нэхьибзщ нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым щыІа бжыгъэхэм нэхъри.

КъАПЩЫТЭЖ лъэхъэнэм кьриубыдэу фэтэр куэду зэхэт унэхэр щІыным елэжьхэм псэупІэу республикэм щаухуащ метр зэбгъуэзнатІэ мин 51-рэ. Псори зэхэту унэу ятам и процент 18 ар мэхъу.

Куажэхэм щаухуэ псэупІэхэм я куэдагъыми къыхэхъуэ зэпытщ. Псалъэм къыдэкІуэу, дыдэрыт илъэсым и апэ Іыхьэм абыхэм унэу щаухуащ псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мин 233-рэ. Процент 45,4-р хэхъуэу къагъэлъэгъуащ.

2024 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм лэжьыгъэу зэфІагъэкІам къыхуагъэсэбэпащ сом мелард 12,3-р е нэгъабэ елъытауэ процент 3,8-кІэ нэхьыбэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.



Къабзагъэм и махуэ

Бахьсэн щІыналъэм щынэхь зэІуэпэщ жылэхэм ящыщщ ХьэтІохъущыкІуейр. Абы нэхьри зегъэужьынымрэ пщэныгъэр щегъэфІэкІуэнымрэ зэпыу имыІэу адэкІи толажьэ къуажэ унафэщІэр. Иджыпсту Урысейм и щІыналъэ псоми купщІафІэу щагъэзащІэ къэрал, лъэпкъ пэхущІэхэмрэ программэхэмрэ хиубыдэу абы лэжьыгъэшхуэхэр къыщрахьэлІащ гъугуэхэмрэ лъэс зекІуэпІэхэмрэ зэІуэпэщ щІыным, щІыпІэхэр къэгъэнэхуным, псы зэфэнымкІэ жылэдэсхэр къызэгъэпэщыным теухуауэ.

МЫ МАХУЭХЭМ зыхуей хуагъэзащ къуажэ стадионым и Іэгъуэблагъэр: плиткэкІэ дахэу ящращІыкІащ метр зэбгъуэзнатІэ 1300-р. Хэку заузышхуэм и лъэхъэнэм 910-нэ льагаплІэр бийм кІыІэщІэхыныжьмкІэ екІуэкІа зауэ гуащІэм щыхэкІуэда сэлэтхэм я фэеплъыр зыхуей хуагъаззри, ихьуреягъри плиткэкІэ къращІыкІащ, пэмыжьжьэу тетІысхьэпІэхэр щагъэуващ, щІыпІэр зэрыщыту къагъэнэхуащ.

«ЩІыпІэхэр зэІуэпэщ щІын» – лъэпкъ пэхуэщІэм хиубыдащ сабий джэгупІэри. Хабзэ зэрыхьуам тету, ар къращІыкІащ иджыпсту нэхъ шынагъуэншэ дыдэу къалъытэ хьэфэ щыкІуейр щабэм къыхэщІыкІа алэрыбгъу Іэрыщ1кІэ, джалэ хьумэ, щІыкІухэм фэбжь хамыхьан хуэдэу. А ухуэнысгъэхэм трагъэкІуэда сом мелуанийр Урысейм и Ипщэ щІыналъэ фондым къыхэгъэкІащ.

«ЩІэныгъэм и махуэм ирихьэлІэу», щІыналъэхэр зэщІэгъэкъабзэным къыхэщІыкІа алэрыбгъу Іэрыщ1кІэ, джалэ хьумэ, щІыкІухэм фэбжь хамыхьан хуэдэу. А ухуэнысгъэхэм трагъэкІуэда сом мелуанийр Урысейм и Ипщэ щІыналъэ фондым къыхэгъэкІащ.

«ЩІэныгъэм и махуэм ирихьэлІэу», щІыналъэхэр зэщІэгъэкъабзэным къыхэщІыкІа алэрыбгъу Іэрыщ1кІэ, джалэ хьумэ, щІыкІухэм фэбжь хамыхьан хуэдэу. А ухуэнысгъэхэм трагъэкІуэда сом мелуанийр Урысейм и Ипщэ щІыналъэ фондым къыхэгъэкІащ.

МЫ МАХУЭХЭМ зыхуей хуагъэзащ къуажэ стадионым и Іэгъуэблагъэр: плиткэкІэ дахэу ящращІыкІащ метр зэбгъуэзнатІэ 1300-р. Хэку заузышхуэм и лъэхъэнэм 910-нэ льагаплІэр бийм къыІэщІэхыныжьмкІэ екІуэкІа зауэ гуащІэм щыхэкІуэда сэлэтхэм я фэеплъыр зыхуей хуагъаззри, ихьуреягъри плиткэкІэ къращІыкІащ, пэмыжьжьэу тетІысхьэпІэхэр щагъэуващ, щІыпІэр зэрыщыту къагъэнэхуащ.

«ЩІыпІэхэр зэІуэпэщ щІын» – лъэпкъ пэхуэщІэм хиубыдащ сабий джэгупІэри.

КъБР-м и Прокуратурэм

Ахъшэм хэІэбащ

Бахьсэн къалэм и прокуратурэм диы-гъащ щІыхухэм социальнэу защІэгъэкъуэным хухаха ахъшэр зыдыгъуар зэрагъэкъуаншэр.

КЪАЛЭМ и прокурорым и дэІэпыкъуэгъу нэхъыжь Нагоненкэ Виктор арэзы техъуащ республикэм щыпсэуф зэрагъэкъуаншэ уголовнэ Іуэхум. Ар къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм (нэгъуэщІым и мыпхъу гъэпщІагъэкІэ зыкІэщІэупщІэн), УФ-м и УК-м и 327-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм (официальнэ тхыльэ нэпцІэхэр гъэхьэзырын) ябгъ ИткІэ.

Зарауб5ыхуамкІэ, Бахьсэн къалэм щыпсэум 2023 гъэм Лэжьыгъэмрэ щІыхухэр социальнэу хьумэныжьмкІэ министерствэм социальнэ контракт ирищыкІэри, субсидие сом 350000-рэ кьыІэрыхьащ.

Щ1ыхухэм грантыр къыхуагъэльэгъуа бизнес-планым темыту, езыр зэрыхуейуэ кьиГъэсэбэпащ. Уполномоченнэ органым тхьылъ нэпцІэхэр иритащ, хухаха ахъшэр зытелщІыхьам триГъэкІуэдауэ ятУ.

Судым ар къуаншэу кьилъытащ икІи условнэу илъэситІ тралъхьащ, а зэманми зыщІэгупсысыну Іэмал иритащ.

Къэралым хэщІыныгъэу игъэста сом 350000-рэ ипшныжьыну прокуроРым ищІа унафэр къуэншам нэсу игъэззащІащ.

Іулъхьэр Іахакъым

Дзэлыкъуэ районым и прокуратурэм къищтащ Мэзкуу областым щыпсэум теухуа уголовнэ Іуэхур. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям, 291-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэхэм ябгъ ИткІэ (къулыкъу зыщІэ щІыхуэ Іулъхьэ иратыну лужь ихьэн, хабзэм зэребэкъуар хэІущІыу ирамыщІын папщІэ).

СЛЕДСТВИЕМ къыззритымкІэ, 2024 гъэм и бадзэуэгъуэм «Малкэ» федеральнэ кьыщапщытэ-щыблагъэкІ пунктым дежь къыщІэкІащ Мэзкуу областым щыпсэу, илъэс 40 зи ныбжь щІыхухэр пассажиру зэрыс автомашинэр. Ар къыщащым къыкъуахащ наркотикхэкІэр. Хабзэм зэребэкъуам къриІэнкІэ хьунур зыхищІэу, къыщащытэ пэщым щІэт стІолым абы Іулъхьэ сом 20 000 ягутрилъхьащ, гъэгу-плъыр къулыкъум и лэжьакІуэхэм жуаЕлым ирамышлІэн папщІэ.

КъэхъуамкІэ хьылар ирагъэщІащ плъыр частым икІи щІыхухэм илужь хабзэншагъэр кьиззэпаудащ.

Хабзэм кьиззэригъэувымкІэ, апхуэдэ щІэпхьаджагъэ зыпэжьар ильэси 8-м нэскІэ ягъэтІысыжьмкІэ мэхъу, Іулъхьэу итыну зыхэтари хуэдэ 30-кІэ гъэбэгъуауэ кьуэдыу ипшныну.

УЭРДОКЪУЭ Жантинэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Гугъуехьхэр щымыІэн папщІэ

ЛДПР-м и лІыкІуэу УФ-м и Къэрал Думэм хэт депутатхэм къыхалъхьащ Урысейм и щІыхуу зэрыщытым и тхылъ ямыІэу хамэ къэрал къикІыу лэжьакІуэ къакІуэхэм я унагъуэхэр къызэщашэну хуит зымыщІ унафэ къащтэну.

ІУЭХУР зи жэрдэмхэм къызэрыкагъэщымкІэ, зи гугъу ящІыр лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэкІэ, къэралым щІыщыпсэун нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ ямыІэу, квалификацэ лъахъшэ зиІэ лэжьакІуэ Урысейм къакІуэхэрщ. Абы хиубыдэркъым хамэ къэрал къикІ Іэщ1агъэлІ пэрытхэр.

«Нэгъуэщ1 щІыпІэхэм кьиІэпхъыкІ лэжьакІуэхэм я унагъуэхэр я хэкум кьырерилэж. Апхуэдэхэр Урысейм екъэІуа нэужь, гупурэ зэхэсу мэпсэу, кьызыхьыкъэр зрамыпэс щІыкІэу яхуэщытщ. Куэдрэ кьохъу Іэщ1эс унэхэм я коммуналнэ уасэхэр ямыту щІыхуэшхуэхэр щызытрагъэхьэ. Абы кьыпэкІуэ гугъуехьхэр зэфІэхьыжьын хуей мэхъу ахэр щыпсэу унэхэр зейхэм. Апхуэдэ лъэпощъэпохэр къэмыхьун папщІэ, я унагъуэхэр къыздеГъэщІэн хуэмейуэ аращ. КъэкІуамэ, зэрыпІэжьэну пІалъэр кърехьэлІэри, и щІыпІэм ещ1эззэж. Іуэхум нэгъуэщІ псалъэмакъ къыщІыхэкІыжьын щІыІэу къэтлытІэтэркъым», - РИА хьыбарегъащІэм жриІащ ЛДПР-м и унафэщІ Слуцкий Леонид.

Я еплъыкІэр яхъуэжь

Украинэм щыщ социолог Ищенкэ Владимир жиІащ Урысейм и щІыналъэщІэхэр Киев зэримыубыдыжьыфынур зи фІэщ хъууэ а къэралым щыпсэуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр.

АБЫ И ПСАЛЪЭХЭМ къызэрыкъэщамкІэ, Украинэм и щІыхуэхэр кІуэ пэтми и телъхьэ мэхъу Урысейм зэпсэльэныгъэхэр зэрыдегъэкІыжьыпхъэм. «Пэжщ, иджыпстукІэ а Іуэху бгъэдыхьэкІэр дзэныгГъэр нэхъ мащІэщ, ауэ наІуэ зэрыхъуащ, щІыхуэхэм хуэмхуэмурэ я еплъыкІэр яхъуэж», - жиІащ социологым. Абы щІыгъуэми дыщІигъужащ къэралым и политикэ унафэщІхэм зэныкъуэкъур зэфІэхьыныжьмкІэ щІыІэ хэкІыпІэхэм щІыхуэхэм я еплъыкІэр къызэрыхамылъытэр.

Щ1ыхуэхэр зауэм зэрыриГъэшам и щІыхьэтУ Ищенкэ Владимир къыхьащ Украинэм мобилизацэмкІэ щІыІэ щІытыкІэр. Ирикъуу къызэГъэпэщІыныжьмкІэ щІыналъэ центрым зыщІегъэтхыныжьмкІэ хабзэ тКІийкэр зэрагъэувам емылъытауэ, къэралым щыпсэум я процент 40-рщ абы зи хъыбар тэмэму ешІэщІар, къапщтэмэ, Украинэм щыщу хамэ щІыналъэхэм щыпсэу щІыхуэхъуэхэм ящыщу абы къыпэджэжар процентн 10 хъуркъым.

Шыщхьэуіум и 20, *гъуэж*

♦1916 гъэм къалъхуащ КъБАССР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министру щыта, РСФСР-м щыхь зиІэ и агроном **Щауэщ1ыкІу Залымджэрий.**

♦1919 гъэм къалъхуащ шэрджэс тхакІуэ **Хьэкъун Исуф.**

♦1921 гъэм къалъхуащ УФ-м щыхь зиІэ и артисткэ **Ерчэн Казимэ.**

♦1972 гъэм къалъхуащ хэхэс адыгэкъэ и литературэр зыдж, ЩІДАА-м и член-корреспондент, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор **Чурей Дыжьын.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 20 щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 21, *бэрэжьей*

♦Терроризмэм и зэранкІэ хэкІуэдахэр ягу къыщагъэкІыж дунейпсо махуэщ

♦Урысейм щагъэлапІэ Олимпиадэм и махуэр

♦1561 гъэм Урысейм и пащтыхь Грозный Иван щхьэгъусэу ишащ къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие).

♦1964 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубзхэм я Ч съедзыр екІуэкІащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 20 щыхъунущ. Щ1ым и малъхьэдис щытыкІэм балли 6-кІэ зихъуэжынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзщ.

Лъэпкъ Іуэцыгъэ:

Уи насып зыхэлъ зыми птрихынкъым.

2024 гъэм фокІадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хахынущ

УФ-м и Коммунист партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и хэхыныгъэ программэм щыщщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис коммунистхэмрэ партым и лъэныкъуэр зыщыІу щыху бжыгъэшхуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутат хэхыныгъу 2024 гъэм фокІадэм и 8-м екІуэкІынум зыхуагъэхьэзыр, езыхэр зэрызахуэр хьэкъыу япхыкІарэ цІыхухэм я гъащІэм икІэщІыпІэкІэ фІыкІэ зезыгъэхъуэжырыну хэхыныгъэм щытекІуэнырэ я мурад.

ЛЪЭПКЪ куэду зэхэт Урысейм и цІыхубэм капитализм Іэлым и «дахагъэр» игъэунэхуну Іэмал иІащ: промышленностымрэ мэкъумэшымрэ лъэлъэжащ, лэжьаплІэншагъэр, уасэхэмрэ хэхыпщІэхэмрэ зэрыхэхъуэр, лэжьакІуэбэм я псэукІэр зэрекІакІуэр, нэхъыбэм я хьэкъыр зэрыдакъуэзр, экономикэ кризисхэм кІэ зэрамыІэр, щІэпхъаджащІэхэр нэхъыбэ зэрыхъур, кьулыкъущІэхэр зэрыІулъхьэшхыр я нэгум щІэкІащ.

Капитализмэм и «екъулІэныгъэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм ягъэунэхуащ: псэукІэкІи, хэхъуэкІи, гъащІэр зыхуей зэрыхуэзэ и льэныкъуэкІи, лэжьаплІэншагъэкІи ди республикэр нэхъ тхьэмыщІэхэм яхуэбыдэ.

Унафэ зыІэщІэпхъэр зэрыкъаруунщэм кьыхэкІыу, цІыхубэм ящІ кьыззрымыкІ, нэхъ бейхэм я Іуэху дзэныгъэкІ хабзэхэр кьащтэ. КПРФ-м и депутат гупым ялъэкІ къагъэнэнукъым республикэм и хабзэубзыху унафащІэхэм цІыхубэм дзыхь кьыхуащІу ящІыжьащ.

УФ-м и Коммунист партым и программэр я Іуэхуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и депутатхэр хущІэкъунущ цІыхухэм я хьэкъыр Іэрагъэхьэжьным, абыхэм я гъащІэр нэхъ тынш зыщІ хабзэхэр кьыхалъхьэм, къэрагъащтэурэ, цІыхубэм я зэран кьыззрыкІ хабзэхэм сыт и лъэныкъуэкІи япщІэуэвэурэ, хэхакІуэхэм я хьэпсапІэхэр ягъэзащІэкІэрэ, цІыхухэм къафІэІуэху псоми псынщІэу пэджжэкІэрэ.

КЪБР-м и Парламентым КПРФ-м щиІэ фракцэм и Іэмалхэр кьагъэщхьэпэурэ, ди депутатхэм мы Іуэхуэхэр зэфІагъэкІынущ:

Экономикэм зыкъегъэужьыжьынымрэ бюджетыр зегъэкІуэнымрэ ехуэу:

- республикэм и промышленностым зыкъегъэужьыжьын, адрей Іэмалхэм кьадэкІуэу, инвестицэхэр игъэлажьэкІэрэ;

- уасэхэмрэ хэхыпщІэхэмрэ (тарифхэмрэ) кьэралыр кІэлъыгъэплъын, псом хэмыдэу цІыхухэр япэу зыщІэупщІэ хьэпшыпхэм, щхьэхуэхэм, школ Іэмэпсымэхэм, сабий хьэпшыпхэм хуагъэувхэм;

- депутатхэр кьадзэгъэзаплъэу кІэлъыплъкІэрэ, къэрал мылъкур зытемыкІуэдапхъэм темыгъэкІуэдэн;

- республикэм щыізэфІагъэкІ Іуэху псоми жьжьэ кІуэ мурадхэмрэ махуэкъэс кьаленхэмрэ щаубзыхупхъэу хабзэ зэтеублэн;

- ахъшэр пуд щыхьэну пІалъэр къэсыным и пэ кьихуэу, Іэнатіэ псоми улахуэмрэ пенсэмрэ щыхэгъэхъуэн;

- цІыхубэ Іуэхущ1апІэхэр кьызэгъэпэщын, хьэрычэтыщІэ Іуэху инымрэ цІыкІумрэ хэт псоми зэхуэдэ Іэмалхэр етын;

- мыхьэнэ зиІэ, технологие лъагэхэр щыщагъэсэбэп, улахуэшхуэ щагъэувэ Іэнатіэщ1эхэр кьызэІухьыным хуэщхьэпэ жэрдэм псоми гъэуэгу етын;

ЦІыхубэ политикэм мыпхуэдэ мурадхэр щызэгъэхъуІэн:

- дохутыр зыдагъэІэпыкъуну, хущхъуэ гъуэтыгъуейхэр зыІэрагъэхьэну Іэмал етын;

- унагъуэм кьыхэхъуэ ахъшэм и проценти 10-м нэхърэ нэхъыбэ унэм щІат пщІэм темыкІуэдэн хуэдэу, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм щызэекІуэ уасэхэр гъэмэщІэн;

- псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм хухагъэкІыпхъэ ахъшэмкІэ зэрызыщІагъакъуэ субсидиехэр етын;

- «зауэ лъэхъэнэм и бынхэм» ятеухуауэ республикэм хабзэ щхьэхуэ кьызыщІэтын;

- егъэджэныгъэм, узыншагъэм кІэлъыплъыным, щэнхабзэм, спортым, цІыхубэ зыхъумэжыныгъэм зи Іэщ1агъэр елэхэхэм я Інатіэм и пщІэр кьэІэтыжын, улахуэфІ ахуэгъэувын;

- егъэджэныгъэм епха Іуэхущ1апІэхэр зы сменэу лажьэу хъун папщІэ, школыщІэхэр ухуэн;

- еджакІуэхэр ерыскъы пщтыркІэ егъэгъэшхэн;

- хэхъуэшхуэ зимыІэ цІыхухэм, сабий куэд зэрыс унагъуэхэмрэ унагъуэщІэхэмрэ папщІэ цІыхубэ псэупІэхэр яухуэну унафэ кьэщтэн;

- дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызащІагъакъуэ Іэмалхэм республикэм зыщегъэубгъун;

- лэжьакІуэбэм я хьэкъыр нэгъэсауэ ялъыгъэсхьэжьн;

- егъэджэныгъэм, узыншагъэр хьумэным, щэнхабзэм, цІыхубэр зыхуей хуэгъэзэным щылажьэ къудамэхэм «зэрыщІагъэхуабжь» Іэмалхэр ирахьэлІэу яхуэмыдэн;

Мэкъумэшым щызэгъэхъуІэн:

- КЪБР-м и щІыр кьызэрагъэсэбэпыр наІуэ кьэзыщІ инвентаризацэ нэгъэса егъэкІуэкІын;

- «Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыр кьызэрыщагъэсэбэпым теухуауэ» хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэпхьауэ, щІыр нэхъ нэсу кьагъэщхьэпэу, ар кьуажэдэсхэм кьагъэсэбэпыну хуиту щІын;

- мэкъумэшым кьыщІрахьэлІэ гъавэм лъэныкъуэ куэдкІэ щелэжь Іуэхущ1апІэхэр кьызэІухуэн;

- республикэм мэл гъэхъуныр кьыщІыблэжьн, Іэщ1ышхуэхэр щыгъэбгъуэжьн;

- республикэм и псы щІэтхъэльэдапІэхэр зэгъэпэщыжьн, ар къэрал мылъкур зыдагъэІэпыкъуКІэрэ зэгъэхьуІэн;

- зэуІуу зэдзлажьэ хозяйствэхэр зэгъэпэщыжьн, кьынэмыщІауэ хуежьэдэсхэм папщІэ мэкъумэш кооперацэхэр кьыщыІэтыжьн;

- мэкъумэшым елэжьхэм гъэсыныпхъэ-машинэ дагъэхэр, кьагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр, Іэщ1ым ирагъэшхьр, псэущхьэхэм ирахьэлІэ хущхъуэхэр кьызэращэхун ахъшэ хуаутІыпщ1ым хущІэкъун, гъэсныпхъэхэр нэхъ пуду яІэрыгъэхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ебланэ зэхуэсыгъуэм хэтыну депутатхэм я хэхыныгъэхэм ирихьэлІэу «УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и программэ

ЦІыхум и зэІуэзэпщІыгъэр. Унагъуэмрэ сабиймрэ

Сабийхэмрэ унагъуэмрэ гупльтэ яхуэщІыныр партым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм къалэн нэхъыщхьэу зыщыхуигъувыжащ. Ар адэкІи Іэмал имыІэу дызытелэжьапхъэ къалэнщ. КьищыінэмыщІауэ, мыхьэнэшхуэ иІэу кьыдолъытэ сабий гъэсапІэхэм, еджапІэхэм, зыгъэпсэхупІэхэм, хьыбархэр щызэІэпах щІыпІэхэм абыхэм я шынагъэншагъэр кьыщыізэгъэпэщынным.

Псом хэмыдэу «УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТЫМ» и нэІэ тригъэтщІ щІалэгъуалэм я узыншагъэм, физическэ, псэкупсэ гъэсэныгъэм. Къэралым, республикэм я кьэкІуэнур щІалэгъуалэм епхауэ зэрыщытыр кьэпІъытэмэ, ар жылагъуэм я лъабжьэ бдзэу щытын хуейц. Республикэм и зыужьныгъэм, жылагъуэ псэукІэр егъэфІэкІуэным жьыджэру кьыщыгъэсэбэпынкъэш щІалэгъуалэм я зэфІэкІыр. Ахэр Іэмал имыІэу кьыхэшэн хуейц жылагъуэ гъащІэм, я еджэнымрэ лэжьыгъэмрэ папщІэ, спортым дихьэхьныкІэ, я зыгъэпсэхугъуэр гъэщІэгъуэну щытыным хэщІыхэпэну щытыкІэ тэмэмхэр кьахэзгъэзэнэщІапхъэщ.

А унэтІыныгъэмкІэ зэхуигъэувыжа кьалэнхэр зэфІигъэкІын папщІэ Партым и мурадщ республикэм и кьалэхэм, кьужажэхэм узыншагъэр щагъэфІакІуэ физкультурэ комплексхэр щахухэну, щызэрагъэпэщыжьыну, спорт лІэужьныгъэ зэхуэмыдэхэм зыщцыхуагъасэ щІыналъэ центрхэр къагъэщІэрэщІэжьыну. 2019 гъэм щегъэжьауэ республикэм псори зэхэту щахухащ узыншагъэр щрагъэфІакІуэ физкультурэ объект зэхуэщІауэ 22-рэ, абыхэм ящыщу 4-м бассейн хэтщ, Іуэхугъуэ куэдым хуэщІа спорт утыку 49-рэ, футбол губгъуэу 9. Школхэм зыхуей щыхуагъэзэжащ спорт пэщу 78-рэ. Мы гъэм яхуэзунущ икІи зэрагъэпэщыжьынущ спорт объекту 19.

Социальнэ дэІэпыкъуныгъэ хэзныкъуэ сабийхэм, сабий зэрыс унагъуэхэм хуащІэ Іуэхутхьабзэхэм я фІагъым хагъэхъуэн, ахэр нэхъыбэ ящІын папщІэ, Іэуэхуэр зэфІагъэкІынущ:

Экономикэм зыкъегъэужьыжьынымрэ бюджетыр зегъэкІуэнымрэ ехуэу:

- республикэм и промышленностым зыкъегъэужьыжьын, адрей Іэмалхэм кьадэкІуэу, инвестицэхэр игъэлажьэкІэрэ;

- уасэхэмрэ хэхыпщІэхэмрэ (тарифхэмрэ) кьэралыр кІэлъыгъэплъын, псом хэмыдэу цІыхухэр япэу зыщІэупщІэ хьэпшыпхэм, щхьэхуэхэм, школ Іэмэпсымэхэм, сабий хьэпшыпхэм хуагъэувхэм;

- депутатхэр кьадзэгъэзаплъэу кІэлъыплъкІэрэ, къэрал мылъкур зытемыкІуэдапхъэм темыгъэкІуэдэн;

- республикэм щызэфІагъэкІ Іуэху псоми жьжьэ кІуэ мурадхэмрэ махуэкъэс кьаленхэмрэ щаубзыхупхъэу хабзэ зэтеублэн;

- ахъшэр пуд щыхьэну пІалъэр къэсыным и пэ кьихуэу, Іэнатіэ псоми улахуэмрэ пенсэмрэ щыхэгъэхъуэн;

- цІыхубэ Іуэхущ1апІэхэр кьызэгъэпэщын, хьэрычэтыщІэ Іуэху инымрэ цІыкІумрэ хэт псоми зэхуэдэ Іэмалхэр етын;

- мыхьэнэ зиІэ, технологие лъагэхэр щыщагъэсэбэп, улахуэшхуэ щагъэувэ Іэнатіэщ1эхэр кьызэІухьыным хуэщхьэпэ жэрдэм псоми гъэуэгу етын;

ЦІыхубэ политикэм мыпхуэдэ мурадхэр щызэгъэхъуІэн:

- дохутыр зыдагъэІэпыкъуну, хущхъуэ гъуэтыгъуейхэр зыІэрагъэхьэну Іэмал етын;

- унагъуэм кьыхэхъуэ ахъшэм и проценти 10-м нэхърэ нэхъыбэ унэм щІат пщІэм темыкІуэдэн хуэдэу, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм щызэекІуэ уасэхэр гъэмэщІэн;

- псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм хухагъэкІыпхъэ ахъшэмкІэ зэрызыщІагъакъуэ субсидиехэр етын;

- «зауэ лъэхъэнэм и бынхэм» ятеухуауэ республикэм хабзэ щхьэхуэ кьызыщІэтын;

- егъэджэныгъэм, узыншагъэм кІэлъыплъыным, щэнхабзэм, спортым, цІыхубэ зыхъумэжыныгъэм зи Іэщ1агъэр елэхэхэм я Інатіэм и пщІэр кьэІэтыжын, улахуэфІ ахуэгъэувын;

- егъэджэныгъэм епха Іуэхущ1апІэхэр зы сменэу лажьэу хъун папщІэ, школыщІэхэр ухуэн;

- еджакІуэхэр ерыскъы пщтыркІэ егъэгъэшхэн;

- хэхъуэшхуэ зимыІэ цІыхухэм, сабий куэд зэрыс унагъуэхэмрэ унагъуэщІэхэмрэ папщІэ цІыхубэ псэупІэхэр яухуэну унафэ кьэщтэн;

- дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызащІагъакъуэ Іэмалхэм республикэм зыщегъэубгъун;

- лэжьакІуэбэм я хьэкъыр нэгъэсауэ ялъыгъэсхьэжьн;

- егъэджэныгъэм, узыншагъэр хьумэным, щэнхабзэм, цІыхубэр зыхуей хуэгъэзэным щылажьэ къудамэхэм «зэрыщІагъэхуабжь» Іэмалхэр ирахьэлІэу яхуэмыдэн;

Мэкъумэшым щызэгъэхъуІэн:

- КЪБР-м и щІыр кьызэрагъэсэбэпыр наІуэ кьэзыщІ инвентаризацэ нэгъэса егъэкІуэкІын;

- «Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыр кьызэрыщагъэсэбэпым теухуауэ» хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэпхьауэ, щІыр нэхъ нэсу кьагъэщхьэпэу, ар кьуажэдэсхэм кьагъэсэбэпыну хуиту щІын;

- мэкъумэшым кьыщІрахьэлІэ гъавэм лъэныкъуэ куэдкІэ щелэжь Іуэхущ1апІэхэр кьызэІухуэн;

- республикэм мэл гъэхъуныр кьыщІыблэжьн, Іэщ1ышхуэхэр щыгъэбгъуэжьн;

- республикэм и псы щІэтхъэльэдапІэхэр зэгъэпэщыжьн, ар къэрал мылъкур зыдагъэІэпыкъуКІэрэ зэгъэхьуІэн;

- зэуІуу зэдзлажьэ хозяйствэхэр зэгъэпэщыжьн, кьынэмыщІауэ хуежьэдэсхэм папщІэ мэкъумэш кооперацэхэр кьыщыІэтыжьн;

- мэкъумэшым елэжьхэм гъэсныпхъэ-машинэ дагъэхэр, кьагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр, Іэщ1ым ирагъэшхьр, псэущхьэхэм ирахьэлІэ хущхъуэхэр кьызэращэхун ахъшэ хуаутІыпщ1ым хущІэкъун, гъэсныпхъэхэр нэхъ пуду яІэрыгъэхьэн.

ЩХЪУАНТІЭХЭР
Урысей экологие парт
КЪЭКІУЭНУМ ПАПЩІЭ І Э І ЭТ!
№2

«ЩХЪУАНТІЭХЭР» урысей экологие партым кьыдольытэ экологие Іэхуэхэр мылъку зегъэкІуэным, политикэ хьэгъащІэхэм пэІущІэу щытын хуейц. Экологиер ерыскъы узынщ, хьэуа кьабзэ, щІэблэм я кьэкІуэну шынагъэнагъэр кьызэдгъэпэщыным хуэунэтІауэ псоми ди зэхуэдэ Іуэхущ. Экологие политикэм жэуапІныкъэ пІыухьыкІам дыхуигъэуву щытыпхъэщ: хабзэр кьызэрызэпаудам техуэ кьуэдыр къэхъукъащІэхэр гъэзэжьужьным хуэмІуэ уасэм нэхърэ нэхъыбэу, экологиер гъэкъэбзэным папщІэ ятыр кІэрыкубжьэрыхуэхэр зыхуей хуэгъэзэным пэув уасэм и щхьэкІэ щІыІэу щытын хуейц. Къалэшхуэхэм щІыуэпс гъэтІылъыгъэхэм лей кьыщытохьэ, абы кьыхэкІыу промышленнэ объектхэр здэщІынэ хуейкъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ, щхьэнтІагъэ зэрыт щІыпІэхэм зегъэужьыпхъэщ.

Дэ кьыхыдолъхьэ, щІы гектар мелуанхэр къэдгъэсэбэкІэрэ, мэкъумэш хозяйствэ къабзэм зегъэужьын, тыкуэнхэм щащэ ерыскъы узынщхэм процент 10 хъу квотхэр яхуэхьн, дунейпсо жьпхъэхэм тету Іуэхур кьызэгъэпэщын хуейц. Экологиер - ар ди къэкІуэнырыщ, мыхьэнэшхуэ иІэщ егъэджэныгъэ программэхэм экологие курсхэр хэгъэхьэу щІалэгъуалэм экологие гупсысэкІэ яІэу егъэсэным. Экологие кІэлъыплъныгъэр фІагъ иІэу кьыпхуэзгъэпэщынукъым, лэжьыгъэм автоматизацэ кІэлъыплъныгъэ имыгъэтмэ, абы кьыщыгъэлъегъуэхэм дэтхэнэ зыми зыщигъэгъуэзэфу щытыпхъэщ.

Экологиер - дэтхэнэ зы цІыхуми и нобэщ икІи и къэкІуэнущ.

Ди къэралыр, ди къалэр, ди сабийхэр, ди щхьэр хьумэным хэзгъэзауэ кьыхэтхыщ.

ИрагъэжьэкІа пхьэндзэм итхъ итхІэ, пщІэнэшу ТыдодзэІ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым теухуауэ» 2008 гъэм щыщыкъуІуэм и 5-м къыдэкІа КЪБР-м и Закон №56-РЗ-м и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

Ислъамым и нур

ПІланэпІэр зыгъаІэзэрыр
ЧЭРИМ Марианнэщ

Бзэгу зумыхьэ

Шэджэм Етіуанэ мэжджыеІ и Іимам Хъуэхіуэн Арсен и хъуГбэм щытепсэлъыхьащ цІыхуми мусЛыимэмми яхуэмыфащуэ бзэгу зехьэн хьэлыр икІэщІыпІэкІэ зыхэнын зэряхуеІм.

«ЦІЫХУР жыхьэнмэ мафІэм, и щхьэр и щІагъыу, щІыхидзэн щхьэусыГуэхэм ящц жиІэм кІэлъымыплъынщ, аращи, ди бзэгухэм дахуэвгъэсакъ. Тхьэр арэзы зыхуэхьун щэхьабэ махуэ Іэбу Хьурэйрэ къиІуэтэжа хьэдисхэм ящц мыр: «Алыхьым и щІэятымрэ сэламымрэ зэха Бегъымбар лъапІэм и гъусэу мащитІым даблэкІырт зэгуэрым, зэрыщІалъхьэрэ куэд мыщІауэ. ЛІыкІуэ лъапІэр абдежым щытурэ и фэр пыкІащ. АпхуэдизкІэ и фэр зэкІуакІати, уеблэмэ и Іэгъуапэхэр сысырт, езыри кІэзызэрт. Ар щалъагъуэм, щхьабабэхэр щІэупщІащ: «Сыт къыпщыщІар, уа Алыхьым и ЛІыкІуэ лъапІэ?»

- Сыт щхьэкІэ? Зэ зэхэсхьр зэхэвмыхьыу ара? - къажриІащ щІэлатымрэ сэламымрэ зэхам.

- Сыт зэхэпхыр? - щІоупщІэ щхьабэхэр.

- Мы мащитІым щІалъ цІыхуитІым хьэзаб гуащІэ яшэч, - къажриІащ. - Ауэ щІашэчыр апхуэдэу гуэныхьышхуэкъым. Зым къыдэх псыр зыкІэригъэкъбэзыкІыжу щытакъым. ЕтІуанэм бзэгу зэрихьэу щытащ.

Абдежым зыкъытхуигъаззэр: «ФыкІуи хьурмэ къудамэ цІынэ къыскуэфхь», - жиІащ. Ахэр къахьа нэужь, тІуу зэпищІыкІри, мащитІым я дежи щыхитІащ. «Мы тІур цІынэу щытыхункІэ, а тІум я хьэзабыр Алыхьым ящхьэщихьинкІэ согугъэ», - жиІащ.

Мусэ-бегъымбарым Хьэрш лъабжьэм тхъэжу кІэщІэту цІыху гуэр иплъэгъуат, Алыхьым и пащхьэ щихьам. «Хэт ар?» - жиІэри Тхъэм ещІащ. «И цІэр бжесІэнкъым, - къыжриІэжащ, - ауэ ар къызэрилэжьа щхьэусыГуищІыр пхуэсІуэтэнщ. Псом япэрауэ, ар зэи зыми ефыГуэу щытакъым. ЕтІуанэу, и адэ-анэм яхуэпэжащ, ахэр арэзы ищІащ. Ещанэу - бзэгу зэрихьэу дэтакъым».

Ди зэманым хьэл икІэу зызыубГуэщ бзэгу зехьэнхэр. Иджыри къэс ар цІыхубзкэмрэ сабийкэмрэ яІэщІэкІ щыуагъэу къалъытэу щытамэ, иджы цІыхухъэр а тІуми ятекІуэжауэ, ялъагъуу хъуар жалэжу, бзэгу зэрахьэу къыдэнащ. ПщІэ нэхъ зыхуэгъэщІын, я къулыкъкІэ дэкІуеин, мылъку зыІэрагъэхьэн щхьэкІэ. «Бзэгузехьэ» мэхъу зыми жиІар адрейм деж нигъэсыжу дэтыр. А цІэр хуэфащэщ цІыхуитІ зэфІигъэнэну, я зэхуакум дыхьэу зэщІэзыгъэІэйм, сыту жыпІэмэ, а къалэн дыдэхэр шейтІанми егъэзащІэ: зэщхьэгъусэхэр зэфІегъанэри, зэбгъэдегъэкІыж, фІыуэ зэрылъагъуэхэм я зэхуакум гужьгъажь делъхьэ.

ЛІыкІуэ лъапІэу щалатымрэ сэламымрэ зэхар щхьабэхэм зэгуэрым еупщІащ: «Нэхъ цІыхуфІ дыдэр хэтми вжесІэн?» «Ахьей, къыджеІэ» - елъэІуащ щхьабэхэр. «Ар щыфлъагъукІэ Алыхьыр фигу къэзыгъэкІырщ. Нэхъ цІыху Іейр хэтми вжесІэн? Ар бзэгу зэрихьэуэ цІыхухэм я зэхуакУ дыхьэрщ, ахэр зэщхьэбгъэІейрщ».

Араущи, зыхэдгъэн мусЛыимэнми цІыхуми яхуэмыфащэ а хьэл мыхъумыщІэр».

КъулыкъущІэм къиІуэтэжа хъыбар

«Хьэжыр фІыуэ щІэслъагъур зэрыфарзым и закъуэкъым, си гумрэ си псэмри якІу гъуэгуанэу къысщохьу ар. Ауэ мы гъэм гъащІэм теухуауэ ззэгъэзэхуа псори къыскъуэтезыгъэщэща гуэр къыщысщыщІащ абы.

Тэруия жэщым Минэ губгъуэм щагъэува шатырхэм я зым сыщІэст. Сыщыпсэур нэхъыфІу зэгъэпэщахэм зэращыщым хуэдэу, си гум зикъуэу, бэуанІэ сымыгъуэту апхуэдэти, си закъуэу сызэхэкІуэну сыкъыщІэкІащ. ХъужакІуэ си мыгъуэсу сежьат, телефон фІэкІа сымыІыгъыу. Си лъэм сыздихьымкІэ сыкІуэрт бгыхэр щызэхэт лъэныкъомкІэ. Абдежым илъэс 70 хуэдиз хъун зы дадэ кІыфІым хэту къызоІыгъу, и закъуэ щысу. «Лы къыскуэхьауэ ара?» - жиІэри, къызэупщІащ, къызэрысІуплъэу.

И УПЩІЭМ сыкъигъэІэбжьауэ соупщІ: «Лы къыпхуэзыхьын хуей гуэрым упэплъэу ара? Ресторанымупэлъэуэ ара?» «Хьэуэ, - пиупщІащ езым. - Ресторан псори зыгъэлажьэ Алыхьталэм селъэІуащ. Ичындыр къызэрихьэрэ дзэкъэгъуэ сІухуатэкъымки, кхъыІэ, лы сыгъэшх жысІэри селъэІуащи, ар къызэхьыным сыпоплъэ». Схуэмышэчу сыдыхьэшхащ, жэщ нэхъуэм лы къыхуэхьанымк шыгугъыр дауэ къыщыщхьурэ, жиІуэсІэу. Дадэм ар игу ирихьакъым. ИтІанэ сигукІэ жыІоІэ: «Алыхьым и щІэкІэ соІуэ! Сэ къыхуэзгъэсынщ ар зыщІалъэІуар!» Іэхуэрэхьэхэм я зым телефонкІэ сепсалъэри, лыхэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрыльэ тепщэчышхуэ къыздихьыну щІыпІэр гурызгъэІуащ. ЛжьакІуэхэм я зым ар къыззрихьу, дадэм и пащхьэм изгъэуващ. Езыми «ла илахьэ илла лах, аллахьу акбар, бисмиллах» жиІэри, шхэн щІидзащ.

ЗэрымэжалІэр пльагъуу, фІэфІу шхэрт. Шхэн ихха нэужь, мыр жеІэ: «Я Алыхь, лы сыбгъэшхащ, Іэфі дыдэт, иджы гуащІэнэ (мята) хэпІуу шей сефэнт! Сэ, Алыхьу ди Тхьэ, гуащІэпэ зыхэмылъ шей сфІэфІкъым». И тхьэлъэІуэм сыкъигъэІэбжьащ. «Мы щІыпІэ зэгъэхІым гуащІэпэ шей щигъэутынкІэ гугъэу ара иджы мыр?» - согупсыс сигукІэ. Езыр кІэзоплъри къызоупщІ: «Лы хэкэр пшхыну?» - «Хьэуэ, хьэуэ, сыкуейкъым!» Арати, къыдэхуа лыр зэщІикъэри, Щамым щыщу блэкІ хьэжыщІхэм яритащ: «Мыр Алыхьталэм къывита фи шхынигъэущ». ФІыщІэ къыхуащІри, ахэр адэкІэ блэкІащ. ЗыгІэкІу дэкІа нэужь, езыхэзым шеибжьэ иІыгъыу къеГъэзэж: «Уа ди нэхъыжь! Мыр къыпхуэскъащи, кхъыІэ, дэ лыр къызэрыпІыхам хуэдэу, уэри тІыхІ?» Дадэр щІоупщІэ: «ГуащІэпэ шейр арагъэнщ мыр?» «Хьэуэ, ауэ гуащІэпэ ухуейуэ арамэ, дэ тІыгъщ, иджыпсту зы дакъикъэкІэ къыпхуэскъынщ». Дадэр кІэлъоджэ: «КхъыІэ, хьэунэ, мы си гъусэ щІалэмэ къыхуфдэх зы шеибжьэ. Ощэ сэра тшха лыр абы и Іэкіэщ Алыхьталэм къызэрыдитар».

АпхуэдизкІэ сыкъэуІэбжьати, «хьэуэ» къудеи къыскудзешякъым. Шеибжьэр къеІысхри сыдефащ. Алыхьым и щІэкІэ соІуэ! ИгъащІэм апхуэдэ шей Іофі исфакъым! Шей ефа нэужь, дадэм гупсэхугъуэ зыщІэлъ макъ щабэкІэ Алыхьым фІыщІэ хуищІри... щхьэнтэкІэ ельэІуащ: «Ялыхь, сэ си Тхьэ! КхъыІэ, щхьэнтэ къызэт! Уэ уощІэ сэ щхьэнтэ симыІэу сызэрымыжеифрыну, си щхьэр мывэм зэрысхутемыльхьэнур». Алыхь лъапІэм и щІэкІэ соІуэ! Асыхьэтым Марокхэм щыщ хьэжыщІхэр къыкІуэри, тпэгъунэгъуэ ятІысхьакІэ! И псэлъэкІэм кІэ къэсщІыкуаэ арат ахэр. Алэрыбгъуэр яубгъури, щхьэнтэхэри тралъхьэжащ. Дадэм абыхэм зы щхьэнтэ къаІикуэ, и щхьэм щІидзри Іурихащ.

Жейм хилъафэрэ пэт, мыхэр къепсэлъ: «Я Алыхь! Жэщыр хуабащэу. КхъыІэ, жыІыбгъэ тІэкІу къеГъапщэ, Іэфіу сыжеиж хуэдэу». Алыхьым и щІэкІэ соІуэ! Алыхьым и щІэкІэ соІуэ!

ЖыІыбгъэ къыкъуэуащ асыхэтым. СыкъызэкІиикІащ, си нэпсэр схуэмыубыду: «Аллахьу акбар! Аллахьу Акбар! Ди адэ, уэят уэ?» Жэуап къызэт: «Алыхьталэм сриплъиІащ. Сыгъажей, пщэдей махуэ кІыхь къыптэщылъщ». Алыхьышхуэм и щІэкІэ соІуэ! СызэщІэкІзэызэу штэырым сыщІэльэдэжри, си нэгум щІэкІа псори ди гъусэ щІэныгъэлІышхуэм телефонкІэ хуэсІуэтэжащ. «Алыхьым и щІэкІэ соІуэ! И жьэм къыжьэдэкІыу хъуар Алыхьым къызыхуищІэ я щІыхур си нэкІэ сымыпльагъункІэ Іэмал иІэкъым!» - щІыжиІэм, къызэрыкІуэну гъэзгур телефонкІэ хуездзыхри, сыпежащ. Зи гугъу щІыгур Сауд Хьэрпым щыщІэрыІуэ щІэныгъэлІышхуэт.

Дадэм и хэщІапІэм дыщынсым, ар къэуцу къызэрежьам гу лъытащ. СоупщІ: «Дэнэ укІуэрэ, хьэжы?» «Андез сщтэнурэ пщэдджыжь нэмэзыр сщІынущ», - жеІэ. «Уа хьэжы! - зыхузогъаззэ аргуэру. - Сэрэ мы къызбгъэдэт щІалэмрэ дзэпэщІыкъуэ?» «Сыт фрыщІэзымыщІыхуэр? Алыхьым фрипщылІщ». «Си цІэмрэ мы щІэныгъэлІым и цІэмрэ пщІэрэ?» - соупщІ аргуэру. СыкъыкІэфэмыІуэхуэхэу жэуап къызет: «НтІэ, Алыхьым фрипщылІщ». Ди гъусэу и хьэжыр нигъэсыну щыжеІэм, идакъым: «Сэ езым нэгъэсынщи нэхъыфІщ си хьэжыр». Си телефоныр зэрыт визиткэр естащ, щыхуей дыдэм къэпсэлъэну хуит щІыри. Езым фІэщхъуныгъэкІэ гъэнщІа макъзэпІэзэрыгткІэ мыр къыжеІэ: «Сыт сынэпсалъэу зыгъэркІэ сыщІынолъэІунур? Уэри сэ сэщхьыркъабзэу Алыхьым урипщылІу аращ. Зыгуэр сыхуей хьумэ, уэри сэри ди Тхьэм селъэІунщи зэфІэкІащ. Езыр хуеймэ, фІыгъуэр уэ уи Іэкіэ е нэгъуэщІ зыгуэрым и Іэкіэ къызитынщ». Ар жиІэри и гъуэгу техьэжащ.

«КхъыІэ, хьэжы, духьэ схуэщІ», - кІэлъыжьоІэ. Езыми и макъ гъэхуамкІэ жэуап къызет: «Уэ езым пхуэщІынукъэ?» «Алыхьым уэ уи духьэр нэхъ пІех!» «Уемызэщу елъэІу! ІэхуэфІхэр блэжьыру Алыхьталэм гъунэгъу зыхуэщІи, уэри уи духьэхэр пІихынщ». ИтІанэ мыр жиІэу зэхэзох: «Я Алыхь! КхъыІэ, мэжджытым сызышэн машинэ къызэт! Лъэсу, ди Тхьэ, сыкІуэфынукъым». Ныбжь зэриІэмрэ зэрыкъаруунэмэрэ хуит къызэращІым хуэдизкІэ хуэму здежьам, си гъусэмрэ сэрэ гу лъытащ абы хьэжыщІхэр зэрыс автобус гуэр лъэщІыхьэу зэрыраГэтІысхьам. Си гъусэм зыкъигъаэзри жиІащ: «Уэрэ сэрэ ЩІыпІэм дыкъызэрыщащІыхум дриуэркъ щхьэкІэ, Уафэм къыщащІыхуэри щыІэщ. ЩІыпІэм и цІыхуэхр ІьагагъкІэ зэрызэщхьэщыкІым хуэдэ дыдэу, Уафэм и цІыхуэхри зэщхьэщокІ. Си гугъэмкІэ, уэрэ сэрэ ЩІыпІэм щыдиІэ пщІэмрэ щІыхьымрэ нэхърэ нэхъыбэ Уафэм щызиІэ цІыху дрихьэлІауэ аращ.

«Жор плъэжьымрэ Мазэ ныкъуэ плъыжьымрэ» я зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо федерацэр хуэныкъуэхэм защІэзыгъакъуэ Іуэхуущ Іалъщ икІи ар къэрали 192-м щолажьэ. Илъэси 150-м щІигъуауэ щыІэ зэгухьэныгъэр гъэ къэс дэІэпыкъуэгъу яхуохьу къызыхэкІа лъэпкъи яІыгъ дини емылъпытауэ цІыху мелуани 160-м. Абы и хэщІапІэр Женевэ, Швейцарием, щыІэщ.

ДУНЕЙПСО мыхьэнэрэ апхуэдэ къалэнышхуэрэ зыгъэзащІэ мы Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ пашэ гуэхуныр тыншкъым, уеблэмэ Урысей Федерацэм къыбгъэдэкІыу абы щыІэр мащІэщ. Ауэ дызэрыгушхунэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Жыгун Рустам зи гугъу тщІы дунейпсо федерацэм Іуэхур убзыхунымрэ къызэгъэпэщынымкІэ и лІыкІуэ зэрыщыІэр. Апхуэдэр зырызыххэщ.

Къэбгъэльагъуэмэ, Рустам илъэс куэд хъуащ а цІыхубэ зэгухьэныгъэм зэрыхэтрэ. Нэхъ тэмэму жыпІэмэ, 2004 гъэм щегъэжьауэ. Абы щыгъуэм Налшык къалэм щыІащ Жор плъэжьым и дунейпсо комитетым хуэдэ. ЩІыналъэм 2019 гъэ пщІондэ щылажьэри, Жыгуныр иужькІэ Іуэхущ Іапі эм и дунейпсо федерацэм ирагъэблэгъащ. Абдеж щегъэжьауэ хамэ къэралхэм лжьыгьэ Іуэхукі э ягъэкІуэн щІадзащ. Рустам дунейпсо федерацэм и лІыкІуэ зэращІэ илъэситІым нэблэгъащ. 2023 гъэр абы Азие Курытым щигъэкІуащ, Таджикистан, Туркменистан, Узбекистан, Къэзахъстан, Къыргызстан къэралхэм Іуэхур щызэтриубГуэ. И кьалэн нэхъыщхьэм хъыдэкІуэу, абы иджыри и пщэрыльщ «тренинг»-хэр, дэ зэрыжьтІэмкІэ, дерсхэр, иригъэкІуэкІыну. Абы цІыхубэ зэгухьэныгъэм и лъэныкъом хегъэгъуазэ Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэр, волонтёрхэр, апхуэдэуи дунейпсо конференцэм хэтщ.

Иджыблагъэ, мэкъуауэгъуэ маззм, Рустам тхьэмахуитКІэ Венгриием и къалащхьэ Будапешт щыІащ, тренинг езыгъэкІуэкІэм яхэту. Нэхъ илъэкІэ Женевэ - 3, Дубай - 1, Венгриием - 6 щыІащ. Къэбгъэльагъуэмэ, Рустам мы зэманым ирихьэлІэу лжьыгьэ Іуэхукі э здэщІа Іуэхралхэр псори зэхэту 26-рэ мэхъу. Кхъухьлъатэм зэриса бжьыгъэм и гугъу пщІымэ, езым зэрыжиІэмкІэ, 100-м щынэсым адэкІэ къибжьыжакъым. Ар къыщІыхэдгъэщІыр зы цІыхум и пщэ къыдэхуэ, хуэзфІэкІ Іуэхур зыхуэдэр къэдгъэнэІуэн папщІэщ.

- Мы зэгухьэныгъэр къэрал къэс иІэщ. Урысейми ар, дауи, щыІэщ. Ахэр псори дунейпсо федерацэм къызэщІеубыдэж. Сызыхэт федерацэр зиужь итыр щІыпІэкІэм щылажьэ зэгухьэныгъэхэм зегъэужьыныр, абыхэм щІэгъэкъуэн яхуэхьуныр. ЗэрыгурыІуэгъуэщІ, Іуэхущ Іапі эр дэІэпыкъуэгъу яхуохьу къэхъукъащІэ щынагъуэхэр, щІыхьей е псыдзэ зыпІэІэсахэми, зауэхэм деж лей къызыгъэкьахэми. Сэ си кьалэн нэхъыщхьэр логистикэм, зегурыІуэныгъэхэр зэщІыІэнымк, цІыхухэр гъэсэным епхащ, - жеІэ Жыгуным.

Рустам и лэжьыгъэм, дауи, куэд щелъытащ хамэ къэралыбзэ зэрищІэм. Абы индж ы лъэ ы бзэр фІы дыдэу къ ъуэлІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым романо-герман бзэхэмкІэ и факультетыр 1998 гъэм къиухауэ щытащ. Къэралхэр я Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэмкІэ щызэхъуажэ зэманти, зэпеуэм пхыкІри, 1999 гъэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм (Нью-Йорк къалэм) ягъакІуэри, илъэси 4-кІэ абы щылэжьащ, бзэ и лъэныкъуэкІи и щІэныгъэм хигъэхъуэну Іэмалыфі иІащ.

- Іуэхум и гъурри щІынэри къыщысщІар Налшык къалэм Жор плъыжьым и дунейпсо комитетым сыщыщІаращ жысІэмэ, сыщыуэну къыщІэкІынкъым. Комитетым щыІэныгъэншагъэмкІэ и къудамэми, автомобиль Іуэхухэмкі э лжьыгьэми, дэфтэржр гъэхъэзырыми, гъэтІылъыгъэхэм якІэлъыплъыми къалэн зэмылІэужьыгъуэхэр си пщэм дэлъу сызэрылажьам ар и фІыгъэщ. Осетие Ипщэм, Шэшэным, Кърымым а зэманхэм щекІуэкІа Іуэхухэми орихьэлІат, «Жор плъыжьым» и дэІэпыкъуэныгъэхэр зыкъызэІэпэщхьэм сахэту, - жеІэ ди псэлъэгъуэм.

Рустам зыпэрыт Іуэхур зэрымыгъэшыр гурыІуэгъуэщ. ИтІани, и лжьыгьэкІэ гугъуехь нэхъыбэ здэщыІам дыщигъэгъуззэну зыщыхуэздгъэзам, къыхигъащІа зи зыужьныныгъэкІэ адрейхэм хуабжьу къакІэрыкъу къэралхэм зыгуэр къыщыщыхьукІэ щытыкІэр нэхъыкІэж зэрыщыхьур. «Армырами ахэр къулейсызу мэпсэри, кхъухьукъащІэ гуэр абы хьыхьэжмэ, я Іуэхур хэпльэгъуэ мэхъу. Псальэм папщІэ, Таджикистаным ищІэхэр Афганистаным ипщэкІэ щыпыльэ гъунапкъэхэм дыщыщІам, я псэукІэр зэрыдэхуэхар тпъэгъуащ», - кхыхеГъэщ абы.

2020 гъэм Азербайджаным зэныкъуэкъу къыщыщыхуэм, Жыгуныр мазэкІэ абы ягъэкІуауэ щытащ, цІыхухэм зэрызыщІакъэкъуэнухэм я гъэтІылъыпІэхэр къызэзыгъэпэщхэм ядэІэпыкъуну. АрщхьэкІэ и Іуэху щІэкІэр зигу дыхьа и лжьыгъуэм ар къамыуТыпщыжу ильэс ныкъуэкІэ и кьалэнэр абы щигъэзэщІену кхыхуихащ.

«Зэныкъуэкъур къыщыхьеям нэхъ пэгъунэгъуу гъэтІылъыпІэхэр дгъэхьэзырын хуейти, Баку километр 400-м нэблагъэкІэ пыІудзауэ губгъуэ нэщІым ар къыщыІэздгъэпэщырт. Мазае маззт, дызыщІэсыр жьыр щызэприуу зытырхэрт, - игу кьэгъэкІыж Рустам. - Нэхъ хьэлэмэтрати, илъэсипщІым зэ фІэкІа къыщемыс хабзэ уэсри абы ирихьэлІауэ уает. Хьэлъэзешхэм къыІуащ дэІэпыкъунигъэхэр зыхуей хуэзауэ яГэтІылъынымк сыкІэлъыплъырт, Азербайджаным и «Жор плъыжьым» щыщ цІыхуиплІ дэІэпыкъуэгъу схуащІауэ. Нэхъри ар ковидым зыщІубгъуам ирихьэлІауэ щытыкІэр нэхъ щыгугъурат. Ауэ лэжьэн хуейт. Гугъуехьхэми емылъытауэ, цІыхум ядэІэпыкъуным си гуащІэ зыгъэркІэ зэрысхуэхлъхьэм сегъэгушхуэри, нэгъуэщІ Іуэху сыпэрытыну уеблэмэ сегупсысыхьэркъым».

2022 гъэм Украинэм дэ Іуэху хэхар щыщІидзам щыгъуи Рустам Урысейм и Гъунапкъэхэм Іус къалэхэм - Воронеж, Брянск, Белгород, Курск, Ростов - къалэн пыухыкІахэр щигъэзащІэу щыІащ. Абы и лэжьыгъэр зытещІыхьауэ щытар, Урысейм и Жор плъыжьым и волонтёрхэм я гъусэу, щытыкІэ гугъу ихуахэр пІалъэкІэ щыпсэуну щІыпІэхэмкІэ къызэрагъэпэщыныр.

«Федерацэм къызэригъэпэщ Іуэхухэр программэ щхьэхуэзэр еубзыху, абыхэм къызэщІаубыдэ цІыхум я узынщагъэ хъумэнри, щІэныгъэ егъэгъуэтыным ехьэлІауэ ахъшэ яхуохьынри, нэгъуэщІхэри. «ПсэупІэ дыхуэныкъуэщ, лэжьыгъэ Іэнатіэ дыхуейщ» - нэхъыбэрэ апхуэдэ Іуэхухэмкіэщ зэрызыкъытхуагъаззэр», - пещ Жыгуным.

КъуэхэгъэщІыпхъэщ Рустам «Жор плъыжьымрэ Мазэ ныкъуэ плъыжьымрэ» я федерацэм Дубай мы гъэм щриГэкІуэкІа дунейпсо зэхуэсым зэрыхэтар. Тхьэмахуэм къурибыдэу, федерацэм и лІыкІуэхэр я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ, я зэфІэкІхэмкІэ зэхъуэжащ.

- Гуманитар центр нэхъыщхьэр Хьэрып Эмират Зэгуэтхэрщ здэщыІар жыпІэмэ, ущыуэнукъым. Абы щыпІэшхуэ щыхухахащ «Жор плъыжьым», ООН-м хуэдэ дунейпсо Іуэхущ Іапі эхэм я дэІэпыкъуныгъэхэр щахъумэ гъэтІылъынІэм. Зыгуэр къэхъуамэ, хьэзыру щыт дэІэпыкъуныгъэр сыхьэт 48-м къуибыдэу дунейм и сыт хуэдэ щІыпІэми лъагъэІэсыфыну апхуэдэщ. Зэуэ унагъуэ 1500-р зыхуеину псомкІи къызэрагъэпэщыфынущ, тхьэмахуитІым и кІуэцІкІэ - мини 10-м нэсыр. А гъэтІылъынІэм дыщІащ, зыщыдагъэпІыхьащ конференцым ипкъ иткІэ, и инагъми укъеГъуІэбжь, - жеІэ Рустам.

Рустам унагъуэщ. И щхьэгъусэ Альбинэрэ абырэ хабзэ дахэм щІапІыкІыу къащІэхуэ я пхымрэ я къуэмрэ - Сабинэрэ Дамиррэ. Хъыджэбзыр Москва къуджественно-промышленнэ институтым дизайныкІэ и къудамэм и етІуанэ курсым щоджэ. ЩІалэр 11-нэ класс хъуащи, школыр къиухмэ, программированием хуеджэну и мурадщ. ЩІэблэр къэжэпхъащи, адэм и лжьыгьэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр къагуроІуэ, уеблэмэ ирогушхуэ.

Жыгун Рустам и гъуэгуанэр адэкІэ здинэтІынур зэкІэ триухуакъым, зыгъэпсэхуакІуэ Налшык къэкІуэжащ. Ираным, Конгэм лэжьыгъэ Іуэхукі э кІуэну къыхуагъэлъэгъуащи, и мурадхэр кьехъуІэну ди гуапэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● ЗэвгъэцІыху

ДэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэу зыкъыхуагъаззэмэ

ФокІадэм и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	04.00	05.30	12.16	15.54	18.43	20.28
2, блыщхьэ	04.01	05.31	12.15	15.53	18.41	20.26
3, гъубж	04.02	05.32	12.15	15.52	18.40	20.24
4, бэрэжьей	04.03	05.33	12.15	15.51	18.38	20.22
5, махуэку	04.04	05.34	12.15	15.51	18.36	20.20
6, мэрем	04.05	05.35	12.14	15.49	18.34	20.18
7, щэбэт	04.06	05.36	12.14	15.47	18.32	20.16
8, тхьэмахуэ	04.07	05.37	12.13	15.46	18.31	20.14
9, блыщхьэ	04.09	05.39	12.13	15.45	18.29	20.12
10, гъубж	04.10	05.40	12.13	15.44	18.27	20.10
11, бэрэжьей	04.11	05.41	12.12	15.43	18.25	20.08
12, махуэку	04.12	05.42	12.12	15.42	18.23	20.06
13, мэрем	04.13	05.43	12.11	15.40	18.22	20.04
14, щэбэт	04.14	05.44	12.11	15.39	18.20	20.02
15, тхьэмахуэ	04.15	05.45	12.11	15.38	18.18	20.00
16, блыщхьэ	04.16	05.46	12.10	15.37	18.16	19.58
17, гъубж	04.17	05.47	12.10	15.35	18.14	19.56
18, бэрэжьей	04.19	05.49	12.10	15.34	18.12	19.54
19, махуэку	04.20	05.50	12.09	15.33	18.11	19.52
20, мэрем	04.21	05.51	12.09	15.31	18.09	19.50
21, щэбэт	04.22	05.52	12.09	15.30	18.07	19.48
22, тхьэмахуэ	04.23	05.53	12.08	15.29	18.05	19.46
23, блыщхьэ	04.24	05.54	12.08	15.28	18.03	19.44
24, гъубж	04.25	05.55	12.08	15.27	18.01	19.42
25, бэрэжьей	04.27	05.57	12.07	15.25	18.00	19.40
26, махуэку	04.28	05.58	12.07	15.24	17.58	19.38
27, мэрем	04.29	05.59	12.07	15.23	17.56	19.36
28, щэбэт	04.30	06.00	12.06	15.21	17.54	19.34
29, тхьэмахуэ	04.31	06.01	12.06	15.20	17.52	19.32
30, блыщхьэ	04.32	06.02	12.06	15.19	17.51	19.31

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм къыдитащ.

● Пщіэну щхьэпэщ

Сурэхэм къадэкІуэ фІыгъуэхэр

Мазэ кІуам къыдэкІа «Ислъамым и нурым» («Адыгэ псалъэ», №91, бадзэуэгъуэм и 30) КъурІэн лъапІэм щыщ сурэхэм къадэкІуэ фІыгъуэхэр къытеддзэн щІэддзащи, къыпыдощэ.

«НУР» сурэм щІэх-щІэхыурэ къеджэм зыри зэран зыхуэмыхъуфын Іиман и гум кьрилъхьэнурэ шейтІаным имыГэбэлэрыгъэфу ищІынущ.

«Іэт-Фуркъан» сурэм 7 къеджэр Алыхьталэм бийм и зэранигъэм щихъумэнурэ здэмыкІуапхъэ щІыпІэ мыхъумыщІэхэми япэщІихынущ.

«Іэш-Шухьэра» сурэм 7 къеджэр цІыхухэм нэхъыфІу ядекІуэкІыу, фІыуэ кьалъагъуу хъунущ.

«Іэ-Нэмл» сурэм сыт щыгъуи къеджэр Алыхьталэм тепщэ залымхэмрэ цІыхухэр гугъу езыгъэхъ унафэщІхэмрэ къабгъэдэкІ лейм щихъумэнущ.

«Іэл-Къэщэщ» сурэм 7 къеджэр гъуэгу къэхъукъащІэшхуэмрэ бий бзаджэмрэ щихъумэнущ.

«Іэ-Іэнкэбут» сурэр тхьилъмпІэм тептхэрэ псым кІэребгъэхмэ, итІанэ ар зыхэпщІа псым уефэжмэ, уи акъылыр зэгуущ, уи гупсысэр узыхуейм тебухуэфу ухъунущ.

«Іэр-Рум» сурэм бийм упэщІэувэн ипэкІэ щІэкъеджэмэ, Алыхьым зыкъыпщигъэкъуэнурэ ямыпэщІэувахэм уатригъэкІунущ.

«Лэкъымэн» сурэм 7 къеджэм лъатэ зэщІ щхьэщыкІынущ, и псэм гузэвгъуэ тельмэ трихынщ, нэгъуэщІ узыфэ куэдми къригъэлынущ.

«Іэс-Сэджэ» сурэр ятхрэ абдж птулькІэм иралъхьэмэ, итІанэ ар инэм и къуэгъэнапІэм деж щыщІатІэжмэ, а унэр мафІэм ихьэнукъым, зэбгинэгъэми щыхъуащ хъунущ.

«Іэл-Іэхьэаб» сурэм 40-рэ къеджэ хьэрычэтыщІэм и сату Іуэхуэхэр къехъулІэнущ, езыми и гуныкъуэгъуэ псори щхьэщыкІынурэ и хэхъуэм берычэт къыхьыхьэнущ.

«СэбэІ» сурэм 70-рэ къеджэм и Іуэху зэхэзэрыхьахэр, гъэзэкІуэжыгъуейхэр зэфІихьыжыфынущ.

«ФатІир» сурэм къеджэр шейтІанми абы и теплъэм ит цІыхухэми ящІихьынущ. Абы къеджэ зэпытыр Алыхьым и нэфІ къыщыхуауэ псэунущ.

«Ясин» сурэм 70-рэ къеджэм бэлыхь куэд щхьэщыкІынущ. Дунейм ехыжар ягъэпскІа нэужь, а сурэм ухуеджэмэ, щІалъхьа иужькІи къытебгъазэрэ ухуеджэмэ, абы и жэнаым гущІэгъу зыхэлъ мелыыІычэр къекІуэлІэнущ, я бжьгъэр здынэсыр Алыхьталэм фІэкІа зыми имыщІэу. Езы дунейм ехыжкъм кьратыну упщІэхэр щагъэпсыпщІэну мащІэм и хьэзабми къелынущ. «Ясин» сурэр зыхэщІа псым ефэм и гум щІэгузави зытетшыныхьи къэмынэжу, Алыхьым нэхур из ищІынущ.

А сурэм махуэ хэсс пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми кьеджэ щІыхур факъыраГъым щыхъума хъунущ, ахърэтым хьэзаб къыщыщІыпсынукъым, Жэнэтым увыІэпІэ дахащэ къыщратынущ. Ди Бегъымбар лъапІэ Мухьэмэду Алыхьым и щІэлатымрэ сэламымрэ зэхам жиІэу щытащ: «Гу зимыІэ щІэхэкъым, КурІэным и гур «Ясинрыщ».

«Ясиным», нэгъуэщІ мыхъуми, махуэм зэ кьеджэм Алыхьталэм къыпхуэзымыбжьи фІыгъуэ кхъыиуТыпщынурэ къэхъукъащІэ тельыдджэхэр и нэгум щІигъэкІынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дахагъэр

КЪБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ сурэтыщІ Абазэ Хьэмыщэ илъэс зэмылІэужьыгъуэхэм и Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэхэр. Ар къызэрагъэпэщащ художникыр къызэралъхурэ илъэс 80 щи-кьум ирихьэлІэу.

СУРЭТЫЩІЫМ къыщІэна лэжьыгъэхэм ящыщу утыку кърахьахэм къыщыгъэлъэгъуэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпэсми и дахагъэр, щэху куэд зыхъумэ Іуащъхьэмахуэ лъапэ, ди бгы уардзэкэ, мылыльэкэр. Абыхэм щыхольагъэ художникым щалъхуа щІынальэм хуиІэ лъагэныгъэ мыкІуэщІыр. Абазэм кьигъэщІа образ тельыджэ-хэм, гуІкьинэжхэм урагъэгупсыс щІыуэпсым щІыхум пыщІынигъэ быдэ зэрыхуиІэмрэ абы щиубыд увыпІэмрэ. Зи хъэтІ зиІэж сурэтыщІым и лэжьыгъэхэр нэгъуэщІхэм ейм яхэгъуащэр-кьым. Абыхэм дахагъэм, гуапагъэм, ущалъхуа щІынальэр фІыуэ пльагъуным укъыхураджэ. Хьэмыщэ и сурэт нэхъыфІхэр хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и музейм и фондым.

Выставкэм къекІуэлІахэм кьыхагъэщащ сурэтыщІым и лэжьыгъэхэм къыщигъэлъэгъуа Налшык кьалэр, абы и уэрамкэр, утыкуэхэр, ухуэныгъэкэр, щІыуэпсым зыхальхьэ щымыІэу фІыуэ зэралъагъур. Псом хуэмыдэу бгы, кьурш уардзэкэм и дахагъэм зэрызыщамыгъэнщІыр.

Художникыр кьытхэмытыжми, и Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэхэм цІыхухэм зэрыратыр гуапэщ. Ар къыщалъхуэ Урыху щІынальэм хуиІэ лъагэныгъэ мыкІуэщІыр. Абазэм кьигъэщІа образ тельыджэ-хэм, гуІкьинэжхэм урагъэгупсыс щІыуэпсым щІыхум пыщІынигъэ быдэ зэрыхуиІэмрэ абы щиубыд увыпІэмрэ. Зи хъэтІ зиІэж сурэтыщІым и лэжьыгъэхэр нэгъуэщІхэм ейм яхэгъуащэр-кьым. Абыхэм дахагъэм, гуапагъэм, ущалъхуа щІынальэр фІыуэ пльагъуным укъыхураджэ. Хьэмыщэ и сурэт нэхъыфІхэр хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и музейм и фондым.

Выставкэм къекІуэлІахэм кьыхагъэщащ сурэтыщІым и лэжьыгъэхэм кьыщигъэлъэгъуа Налшык кьалэр, абы и уэрамкэр, утыкуэхэр, ухуэныгъэкэр, щІыуэпсым зыхальхьэ щымыІэу фІыуэ зэралъагъур. Псом хуэмыдэу бгы, кьурш уардзэкэм и дахагъэм зэрызыщамыгъэнщІыр.

Художникыр кьытхэмытыжми, и Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэхэм цІыхухэм зэрыратыр гуапэщ. Ар къыщалъхуэ Урыху щІынальэм хуиІэ лъагэныгъэ мыкІуэщІыр. Абазэм кьигъэщІа образ тельыджэ-хэм, гуІкьинэжхэм урагъэгупсыс щІыуэпсым щІыхум пыщІынигъэ быдэ зэрыхуиІэмрэ абы щиубыд увыпІэмрэ. Зи хъэтІ зиІэж сурэтыщІым и лэжьыгъэхэр нэгъуэщІхэм ейм яхэгъуащэр-кьым. Абыхэм дахагъэм, гуапагъэм, ущалъхуа щІынальэр фІыуэ пльагъуным укъыхураджэ. Хьэмыщэ и сурэт нэхъыфІхэр хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и музейм и фондым.

Выставкэм фокІадэм и 15 пщІондэ лэжьэнущ. Пьэльэгъуэныгъэм еплъыну гукъыдэж зиІэжм иджыри апхуэдэ Іэмал иІэщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ІэмалыщІэм и фІыгъэкІэ

Балъкъэр, Хъураным и цІэр зезыхьэ уэрамхэм зэгъуэсу щаублауэ щыта гъуэгу лэжьыгъэхэр мы махуэхэм и кІэм нэблэгъащ. Балъкъэр уэрамым лэжьыгъэхэр псом япэу щызэфІагъэкІат. Мы махуэхэм и кІэм нагъэсащ Хъураным и цІэр зезыхьэ уэрамым асфальтыр щІэуэ телъхьэным ехьэлІахэри. ПІалъэу къыхуагъэуваУэ щыта щыщхьэпэм и кІэм нэмысу къапэщыта кьалэнхэр кърахьэлІащ: гъуэгумрэ лъэс зекІуапІэхэмрэ зэпэщ ящІащ, жыг лъабжьхэм удэхэр щІасащ, гъуэгу зэхэкІыпІитІым (Балъкъэр уэрамымрэ Хъураным и цІэр зезыхьэмрэ, Головком и цІэр зезыхьэ уэрамымрэ Хъураным и цІэр зезыхьэ уэрамыр щиухымрэ хуэзэхэм) зэпрыкІыпІэ шынагъэнщэхэр хуащІащ.

ГЪУЭГУХЭР ухуэныр зэрекІуэкІымрэ абыхэм кьыщагъэсэбэп пкъыгъэхэмрэ къэзыпщытэ лабораторэхэр ди щІынальэмкІи къыщысакІэ, а Іуэхум щІыдгъэжьинщ иджыблагъэ дызыщагъэгъуэза Іэмалыщ1эр. Кавказ Ищхъэрэ кьэрал университетым и щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм ящыщ зым кьигупсысащ асфальтым халъхьэ блоксополимер каучук лъэпсейхэм я пІэм иувэн пкъыгъэщІэ.

- Ар пластик птулькІэхэм етІуанэу елэжьыжауэ, асфальтым хэлъхьэн хуейуэ аращ. Абы и фІыгъэкІэ Іуэхум трагъэкІуадэ мыпкъыр зэгъэзэхуэ, здэхьынур ямыщІэж пластик пкъыгъэхэр фейдэ пыпІу къэгъэсэбэпа хъунущ, - жиІащ ныбжьыщІэм. Псалъэм къыдэкІуэу, щІэныгъэлІым кьызэрихутамкІэ, сантиметриплІ зи Іувагъ, метрий зи бгъуагъ, зы километр зи кІыхьагъ гъуэгум пластикым къыхэщІыкІа птулькІэ килограмм 1152-рэ, птулькІэ бжьигъэкІэ кьапщтэжэ, 27400-рэ хуэзэ. Асфальтыр нэхъ льагэу зыхэпІэтыху, дызыр, пластик нэхъыбэ кІэунущ.

ЩІэныгъэлІыр зэрепльымкІэ, птулькІэхэр ущыкъуеиныр Іэмалынышхьым, термохимиче Іэмалхэмкіэ уелэжьми кьоозэгъ, ауэ щыхъукІэ апхуэдэ лэжьыгъэм и кьехьэлІэнми мыльку лей текІуэдэнукъым - асфальт къыщІэзыгъэжі заводкэм реактор лей ягъэувын хуейуэ аркъудейщ.

ЩІалэ зэчиифІм и гупсысэр зэман гъунэгъум гъуэгуугъуэ Іэмалхэм къыщагъэсэбэпыну мэгугъ. Апхуэдэ гъуэгугъэр сэкъатынщэу къудрэ зекІуэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Щэм сэбэп яхуэхъуа зы щапхъэ

ЦІыхум щІыр къыхэригъэсэбэпымрэ абы зэманым дежІу гъащІэ къыщызэгъэпэщынымрэ тегъэщІащ дунейм къыщыхъу дэтхэнэ зы зэхъуэкІыныгъэри. Псалъэм папщІэ, илъэс тІощІырыпщІ ипэкІэ Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр щагъуэт щІыпІэхэр, зыгъэпсэхуІыпІэхэр, сату щІыпІэхэр жыжьэуи зэпэгъунэгъуу щытакъыи икІи зы Іуэху пыухыкІакІэ ежьам абыхэм языхэзыр махуэ псом хуэзщІэгъэхьэ къудейт. Нобэ нэрылъагъуу псомизахъуэж: кьалэхэм я тепльэм, гъуэгухэм я укъуэдиикІэм, ІуэхуцІапІэхэм я кьыдэзэпэщІэм, ауэ, жыпІэнрамэ, ноби ар ещу зэгъэкІуа хъууэ пхужьІэнукъым - абы егъэпІейтей дуней псом щынэхъ кьалэ ин дыдэхэри.

ДАУЭ хъуми, а Іуэхур зэрефІэкІуэным псори толажьэ, зым кьигъуэт хэкІыпІэхэмрэ Іэмалхэмрэ адрейм щапхъэ хуэхъуу. Ди щІынальэр кьатщтэмэ, урысхэм зэрыжаІэу, «уэшх нэужь Іэгъэбэгуу», фэтэр куэду зэхэт унэ эзэтет льагэхэр кьалэ гъунэм ихьуреягъкІэ кьыщыізэщІэроуэ. ЛифткІэ дэкІуэж абыхэм цІыкІу щыІэзэкІуэркъым. А хабзэр XVI лІэщІыгъуэм - Нидерландхэр Испанием щиІыгъа зэманым - кьежьауэ яІуатэ. Тепщэгъуэр зыубыдахэр тешыныхьэрт а кьэралым и цІыхухэр зы щІыпІэ хэхэм и щхьэхуэсыным. Абы кьыхэкІыу хабзэм и хъуманкІуэкэм унэ кьэс щеІкІуэкІыр яльагъуу щытын хуейт. Нобэ абы цІыхухэр зэрепльыр ягъэпщкІун хуей Іуэху зэракъуэмылъыр кьагъэпльагъуэу арац. ИтІанэ, зым ищІэн хуейуэ кьелъытэ адрей гъунэгъуэм я дежь къыщыхъыр.

Нобэ зэманкІуэкэм кьыдэкІуа кьалэ ухуэкІэхэм Іуэхур щынэсым, къэралым и цІыхухэр къэуващ, кьадекІуэкІар яхъумэну зэрыхуейм и тельхьэу. Зы бетэмалкІэ я кІэнауэ инхэр ягъэсейуэ, абыхэм я пІэкІэ транспорт гъэзэгъэр яухуэну хуежьат... Нобэ Амстердам щІэзгъэдэхэр унэхэм я нэхьыбэр а къэралым и экономикэ, культурэ зыуэжьныгъэр нэхъ льагэпІэ дыдэм нэсауэ къыщалъытэта XVII лІэщІыгъуэм яухуащ. Ныбжь зиІэ дэтхэнэ адрей кьалэхэмэ хуэдэу, апхуэдэ Іэпэсыкіэр зэманым хэмыкІэгъэж хъуащ, цІыхухэмэ транспортхэми я бжьыгъэр куэд зэрыхъуам кьыхэкІыу. Абдежырщ ящу къыщыунэхуар «иджырей кьалэухуэ мардэ» зыфІаща жылагъуэ Іуэхур: кьалэкур хъэрычэтыщІэ Іуэхуэмрэ нэгъуэныкъуэмрэ хуэхэуу, псэупІэкэр кьалэ гъунэм яхьыну траухуащ. ЦІыхуэхэр лэжьапІэм зэрыкІуэну гъуэгуи, метром и линэ зыбжани кьалэкъм зэпрыкІыу щауху-нут. АршхьэкІэ, транспорт гъуэгухэмкІэ зэпрыкухІаръ, дэнэкІи щауху иджырей унэ зэщхь льагэхэмрэ арэзы техъуакъым я Іэпэсыкіэ Іэщ1эгъуэн яІэжу къэгъуэгурыкІуа кьалэдэс голландхэр. Зыхуэмей щапхъэу Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я кьалэхэр щыІэт. Дауэ хъуми, цІыхубэм я псалъэр ищхьэ къэхури, кьалащхьэм и тепльэр кьагъэнэжьын хуей хъури, ухуэныгъэщІэхэр кьалэбгъуэхэмкІэ кьыщращІэкІащ, псоми я зэхуэдэу зэщхьу, тыкІыну, иджырей щІыбгъэр зыхуеинухэмкІэ кьызэгъэпэщарэ, цІыхум зигъэпсэхунымкІэ зэран кьыхуэхъун льэпкъи щымыІэу. Арщхьэкіэ унафэщІхэр зэрыщымыгугъауэ, Іуэхур нэгъуэщІу кьекІэрэхъуэкІащ - хьэблэщІэр псэупІэ зыщІахэм щІэх дыдэу я унэхэр яубгьнэу хуежьащ, ихъуреягьым псэупІэ унэхэм фІэкІа нэгъуэщІ зыри зэрыщымыІэм, Іуэхутхьэбзэ е школ къудей хуей хъумэ кьалэхум нэс кІуэныр кьаззэрыхудэкІым и зэранкІэ. Абы и закъуэтэмэ удэкІуэтэнт: зэман кІэщІым кьриубыдэу а хьэблэхэм щетІысхэу хуежьащ нэгъуэщІ кьэралхэм кьиІэпэхуэкІа мигрантхэр. А псоми иригъэхуэныгъуэ хуежьащ куэдкІэ зыщыгугъа хьэблэщІэхэм я пщІэр, «трущоба»-кІэ зэджэ хьэблэхэм хуэкІуэжьным кьэнэжа щагъуэ щымыІэу.

Абы пэмыплъа я кьалэуэхэм я щхьэр кьыфІэхуащ, кьращІэкІа унэхэри здахьынур ямыщІэрэ яухуар якъутэжи мыхъуу. Апхуэдизу зэхэзэрыщар зэуэ зэхихьжащ зэрымыщІэкІэ кьэхъуа мыпхуэдэ Іуэхум.

1992 гъэм унэхэм я нэхъ иным, унагъуэцэм нэс зыщыпсэуэм, кьыпехуэу кхъухьлъатэр кьекуэхащ икІи псынщІэрыщІу абы щыпсэуэхэр кьыщІагъэІэпэхъуКІын хуей хьауад. Абдежым кьыщыщІэдзауэ коробкэм хуэдэу кьращІэкІа унэ зэщхь кьомыр ирахькІри, абыхэм я пІэкІэ унэ эзэтет мыльагъэ екІуэкэр иращІыхьащ, кьалэкъм нэс кІуэ трамвай, льакъуэрыгъажэ гъуэгуэкэр, льэс зекІуапІэ зэпэщхэр яухуащ. Апхуэдэу абы кьыщызэІуахащ стадионкэр, шхапІэкэр, тыкуэнхэр, нэгузегъэужьыпІэкэр, концерт щат утыкуэкэр. Зэман дэкІри, льэблэщІэм и пщІэр къэІэтыжа хьауад, цІыху куэдми псэупІэ яхуэхьужащ. Нидерландхэм и кьалэхэр зэІуэпэщ щащІкІэ, ноби кьыпакІухь зэгуэр яІэщІащ щыта а щІыуагъэм. Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ икІи куэдым ухуэзыщІащ.

Напшык и хьэблэщІэхэр, гу лъыфІи, а щапхъэфІым тету кьращІэкІ. Нобэ кьэзгъэпсыгъуейщ сквер дахэхэр, джэгупІэхэр, нэгузегъэужьыпІэхэр, сату щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэдащІыжьэ.

ЛЪОСТЭН Мазэ.

Сом мин 350-м щІигъуат

КЪБР-м щыІэ УФССП-м Бахъсэн кьалэмрэ Бахъсэн районымрэ щыІэ къудамэм Іуэху къаІэтащ алимент щІыхуэр зытрезыгъэхьам егъэпшынэхьнымкІэ. Ар ехьэлІат и хэхъуэжьм кьыхэкІыу мазэ кьэс и сабиитІым алиментхэр езытыну зи кьалэн адэм.

АБы и мурадтэкъым щІыхуэр зытригъэкІыну, лэжьапІэ увыпІэ хуейтэкъым. Абы и сабийхэм яритын хуейуэ зэтрихьар сом мин 350-м щІидзэат.

Суд приставым абы и счётхэр итхъэкъуащ, и транспортым ехьэлІа регистрацэхэр пиубыдащ. Апхуэдэуи цІыхухъум хуигъэуващ кьэралым имыкІыну. А псорри кьыфІэмыІуэху, суд унафэщІ гъэзэщІэнри, суд приставым ириджэмэ кІуэн зэрыхуейри уэим ищІырт цІыхухъум. Абы кьыхэкІыу, суд приставгъэззэщІакІэм щІыхуэр зыбмытым мыльку бгъэдэлъыр щыригъаІащІэм иубыдэхуащ щІы зэриІэр икІи ар иубыдащ.

ЦІыхухъум зэман хъарзынэ иІащ и сабийхэм я бжьи щІэ щІыхуэр зытригъэкІыну, арщхьэкІэ а хэкІыпІэри кьыгъэсэбэпакъым. Арати, щы Іыхьэр ящэри, абы кьыщІэкІамкІэ щІыхуэр ирагъэпшынынащ.

Ерыщагъым къыпэкІуа текІуэныгъэ

• Футбол

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

«Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск» 2:1 (0:0). Налшык, «Спартак» стадион. Ныщхьэхуэм и 16-м. ЦІыхуэн 125-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Матвеев (Ивановз), Новиков, Бирюков (тІыри Дон Іус Ростов).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Далиев Дауд, Гъэзэжокъуэ, Кьардэн (Молэмэтэ, 46), КІэдыкІуей, Лелюкаев, ХьэцІыкІу (Мызэущэ, 90), Сэбаншы, Далиев Дени (Жангуразов, 80), Мэкъуауэ (Селяев, 65), Хьэшыр.

«Биолог-Новокубанск»: Кармазин, Пириев, Щербан, Абрамов, Алборов, Баранцов (Саркисов, 89), Тимаков (Раскинд, 75), Малыш (Цогоев, 65), Лысенкэ (Абдокъуэ, 65), Переверзев, Кондрамашин.

Тохэр дагьэкІыу: Далиев Дени, 67 (1:0), Переверзевым, 76 (1:1), Селяевым, 83 (2:1).

Дагъуэ хуащІащ: Кьардэным, Тимаковым, Лысенкэ, Гъэзэгъокъуэм, Переверзевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэхэм я тІощІрэ езанэ джэгугъуэм икъ иткІэ, ышыкъуэм и 16-м «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъащ Прогрессым и «Биолог-Новокубанск»-р.

Хабзэ зэрыхъуауэ, командитІыр ноби ерыщу зэпэщІэтащ. Уеблэмэ зэІуІщІэм и япэ Іыхьэм хэщІэжьэм топыр нэхъыбэрэ яІыгъащ икІи кьыдэбгъэрыкІуэ зэпыту екІуэкІащ. Ауэ уигу кьэбгъэкІыжьмэ абы хэтар 40-нэ дакъикъэм «Биолог-Новокубанск»-м и топджэгум Хьэшыр Алан кьеІунщІу абыхэм я штрафнэйм зэрыщриударц. Кьытебгъэзэжу уемыплъыжу щытми, ар зэрыпенальтир Іупщ1т. Арщхьэкіэ, судьям ар имылъэгъуа хуэдэу зищІри, гулъытэншэу кьигъэнащ.

ИуужкІэ, зэІуІщІэм и япэ Іыхьэр и кІэ дыдэм нэсауэ Далиев Дени «угловой» кьыхэкІар Хьэшырым кьыхуэгъэсэбэпакъым. Зыри зэран кьыхуэмыхуу, и закъуэу щыту абы кьыІэрыхьа топыр гъуэм хууэгъэзакъым. Абы итхъэкІи Переверзев Дмитрий и топыр ди щІалэхэм я кьигъэльеижащ, етІуанэу ар ирагъэщІэжащ икІи зэІуІщІэр и кІэм нэсыху бжьыгъэм зихъуэжакъым, «Биолог-Новокубанск»-м и топджэгуэр абы дауэ хущІэкъуами.

Мыдэкіэ, Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкІуэкІа адрей зэІуІщІэхэр мыпхуэдэ бжьыгъэмкІэ иухащ: **«Строитель» - «Динамо-2» - 3:0, «Дружба» - «Динамо Ставрополь» – 3:3, «Ангушт» - «Кубань Холдинг» - 0:0, «Рубин» - «Ростов-2» - 2:1, «Легион» - «Севастополь» - 2:3, «Нарт» - «Победа» - 1:0, «Алания-2» -«Астрахань» - 2:3.**

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм щыщхьэІуІм и 24-м ирагъэкІуэкІыну зэІуІщІэхэр «Спартак-Налшыкым» дигъэхунущ. Ди командэр топджэгу губгъуэм кьыщихьэнур фокІадэм и 1-щ. А махуэм ар щыхьэщІэнущ Дагъыстэным и «Легион»-м деж.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Форте»	19	12	4	3	36-16	40
2. «Динамо-Ставрополь»	20	10	7	3	32-22	37
3. «Ростов-2»	20	11	3	6	39-20	36
4. «Легион»	20	11	3	6	32-15	36
5. «Астрахань»	19	11	3	5	26-12	36
6. «Рубин»	20	10	3	7	24-20	33
7. «Севастополь»	18	9	5	4	26-14	32
8. «Строитель»	19	8	6	5	25-20	30
9. «Ангушт»	20	6	10	4	16-12	28
10. «Спартак-Налшык»	20	7	5	8	31-27	26
11. «Нарт»	20	7	5	8	20-28	26
12. «Биолог-Новокубанск»	19	6	4	9	27-31	22
13. «Кубань Холдинг»	20	5	6	9	18-23	21
14. «Дружба»	20	6	3	11	24-31	21
15. «Победа»	20	3	7	10	21-34	16
16. «Алания-2»	20	3	3	14	17-52	12
17. «Динамо-2»	20	2	3	15	13-44	9

УнэцІэхэм я къэхъукІар

Адыгэ унэцІэхэм я къэхъукІэр гъэщІэгъуэнщ. Щэч хэмылъуи, ахэр ауэ сытми къэуэхэртэкъым, атІэ хъыбар е Іуэхугъуэ гъэрым абыхэм я мыхьэнэр епхат.

ПРОФЕССОР КІуэкІуэ Жэмалдин зэритхъжамкІэ, адыгэхэм унэцІэ яІэ хъуащ XVI лІэщІыгъуэм. Абы льэндзэрэ унэцІхэм, дауи, зэкъуэжьмыщІэхэр ягъуэтурэ къэгъуэгурыкІуащ.

УнэцІэхэм я нэхъыбэм зэрызахъуэжам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат Къуэтэныдж Хьэсэн кьэхь славянхэм адыгэщІэхэр я тхьэкІумэм кьыщзэриІуэм Іуэхугъуэ ятхыу зэрыщытар. Псалъэм папщІэ, Грэнэй Иванрэ нэхъ иужькІэ Урысейм и пашэу щытахэмрэ я деж япэу кьыщыхута кьэбэрдеипщхэм я цІэхэр жьІэгъуэй хъунтэкъэ: ХьэтІохъущокъуэ, Мамсырыкъуэ, Елбэздыкъуэ, Джылахьстэн, Къугъуэлъкъуэ, Гъащэнащхъуэ, Пщыэпщокъуэ хуэдэхэр. Апхуэдэу хьэрф зэгуэт зыхэмыт славяныбзэм ирипсальэхэм, псальэм и хьэтыркІэ, Дыгъужьыкъуэмрэ Дэхьуашокъуэмрэ е Щэрданымрэ Шортэнымрэ, Хьэтэжыкъуэмрэ ХьэтІохъущокъуэмрэ зэкъагъэзэрыхьныр куэдрэтэкъым. Ахэр урысыбзэкІэ тхынми гугъуэхь кьышэрт, кьыззэрыхьэгъэщауи, нэхъыбэм зэрызэхахым хуэдэу ятхыу арат.

«Паспортхэр кьыдагъэкІын щыщІадзам, цІыхуэхэм абы я цІэ-унэцІэхэр зэрыхъукІэ урысыбзэм нэхъ хуэкІуэу ираткуэну хущІэкъурт. Апхуэдэу хъуащ, Гугъуэтыжьыр - Багатыжев, Кьакъльыш - Хохлачев, ПыІэнамцІэ - Папанцев, Уэнащ1э - Иначев, нэгъуэщІхэри. КьыщынэмыщІауэ, адыгэ унэцІхэм яхэт хьэрф «ы»-р урысыбзэм и «и»-м хуэкІуащ: Фырэ - Фиров, Дыджэш - Дигешев. НэгъуэщІ зы хьэлэмэти: хьэрпыбзэм кьыхэкІа Мухьэмэд цІэр адыгэбзэм лІэужьыгъуищу зэрыхэтыр куэдым ящІэу кьыщІэкІынкъым: Мухьэмэд (Мухамед), Мухьэмэт (Мухамет), Мыхьэмэт (Мыхамет). - етх Есыгъэныджым.

Дапхуэдэу кьекІэрэхъуэкІами, адыгэхэм я унэцІэхэр зэрагъуэту щытам щхьэусыгъуэ гуэр хуэхъурт. Абы и щапхъэу къэсхьыну сыхуейт кьэбэрдей литературэм документально-художественнэ жанрым и льабжьэр щызыгъэтІылъахэм ящыщ Кьуэлуфэ Хьэчим я унэцІэр кьыызытехъукІам теухуауэ зы интервьюм щыжиІауэ щытар: «Адыгэм чристэн диным кьытекІыу мусЫэмэн диныр кьыщищтэзэманыртри, кхъуэхэри ягъэкІуэдыжырт. Чристэным епха хьэпшыт гуэрхэр (жор сыт хуэдэхэр) цІыхухэм зэрамыхьэным ткІийуэ кІэлъыплъ кьыщІэкІынти, Бгъэнокъуэхэ я деж кьэпщытакІуэхэр дыхьат. Зыри ямыгъэтауэ кьыщыдэкІыжхэм, кхъуэ кІий макъ кьэІуауэ жаІэ. Ди кьуажэгъуэхэр нэхъ кьытщІэнэкІэнымэ, «кхъуэ шырыр гуэщ Бгъэнокъуэхэ я фызыжь гуэрым хилхат» жаІэ. Дыдейхэм нэхъ хьитрагъэчыныхьыр фызыжьым ар матэм щІиубыдауэщ. Апхуэдэу Іуэхугъуэм кьытфІащу, иужькІэ Кхъуэлуфэ хъужауэ хуагъэфащэ. Дэри дыкъикІуэттэкъыми, «кхъуэ щІэвдрат» жаІэу кьыдахъэнмэ, ди хьэзырыр: «А Бгъэнокъуэхэ я нэужькІи ищІэрт Кхъуэлуфэ кьыызыхуэнэжынур». А ягъэри гуащІэщ, ауэ езы Іуэхугъуэхэр адыгэ тхыдэм щыщщ. Кхъуэр зыгъэпщкІуар ди закъуэу ящыщІэкІынкъым. Абыкіэ дэ «унэхъуэщи» диІэхэщ: Кхъуэтепыхьэхэ, Кхъуэтегъэхэ, нэгъуэщІхэри. «Кьанкъуэщ» унэцІэри абыхэм ещхь Іуэху гъуэ гуэрэм кьыхэкІауэ ельхьэм жаІэу зэхэсхащ. Бгъэнокъуэм и Іэщ1агъэмрэ абыр зэрызэпыщІар сщІэркъым, ауэ мамырщІэкъуэ льэпкъыу дыкъыізэрекІуэкІыр ди дамыгъэми кьеІэлъагъуэ. Абы и шабзэкъым зи пэр кьэпыщІыкІа шабзэщэ тельщ. КьэрагъэкІыр - «да зауэ-банэ дыхэткъым» жиІэу арат».

УнэцІэ кьэс хъыбар гуэр зэриІэм шэч кьытетхъэркъым, ауэ ди зэманым ахэр псомиращІэжу кьыщІэкІынкъым.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Пщыхьэщ1эр дунейпсо утыкум йохьэ

Китайм и Уси кьалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ тхэквондомкІэ (ВТФ - Олимп джэгуэхэм хьыхь лІэужьыгъуэмкІэ) «Тажышхуэр» къэхьыным хуэунэтІауэ ныбжьыщІэхэм, илъэс 12 - 14 хъуэхэм, я дунейпсо зэхьэзэхуэ. Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту абы щыізэущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спортакадемием и гъэсэн Пщыхьэщ1э Эстеллэ.

АДЫГэ пщащэр сантиметри 160 - 164-рэ хъуэхм я гупыт зыхэтари, абы ещанэ увыпІэр кьыщихьащ. Финалым и Іыхьэ ныкъуэм нэсауэ судьяхэм я щыугъэкІэ Пщыхьэщ1эр кьрагъэкІуэтэхащ икІи адэкІэ зэуэжьну Іэмал кьратакъым.

Эстелло и тренерыр Унэжокъуэ Абделджабарщ.

ТАМОКЪУЭ Іэдэм.



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖЬэКІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэрбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ядэлажьэныкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КЪБР, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.461
Заказыр №1765
12+

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынныр и пщэ дэлъщ КЪР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къудэдз **Дыщэкі Соня**, *корректорхэу* **Пхытіыкі Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Щомахуэ Марианнэ, Ныр Саидэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу кьалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.